ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№2222 (22.630) • 2013 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 14, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Хьэжыщ щыIахэм КъБР-м и Iэтащхьэм фIыщIэ хуащI

КъБР-м и Iэтащхьэм къыIэрыхьащ республикэм и МуслымэнхэмI я дин Iуэхущ1анIэм и тхьэмадэм къыбгъдэкI тхыгъэ. Дзасжь Хьэзрэталий республикэм щыщу хьэжыщI щыIа псоми я цIыкIэ Къанокъуэ Арсен фIыщIэ къыхуещI 2013 гъэм хьэжыщI кIуахэм зэрадэIэпыкъуам папщIэ.

МУСЛЪЫМЭНХЭМ я дин Iуэхущ1анIэм и Iэтащхьэм хэхауэ къигъэлъэгъуащ Къанокъуэ Арсен и жэрдэмкIэ къыхэрагъэпэща комитетым хэта псори зэуIуу зэрыIэжьар.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

Къанокъуэ Арсен сабий сымаджэхэм ядоIэпыкъу

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Къанокъуэ Арсен я щхьэ Iуэхукъ1 кыхъэкIуахэм зи чэзу зэIущIэ щадригъэкIэжащ Урысей Федерацэм и Президентым цIыхухэр щрагъэблагъэ и Iуэхущ1анIэм. Мы зэIущIэм хэтахэр зи сабийхэр гъэхъужьи хуей анэхэрщ.

НАЛШЫК къалэ щыщ Улэджыр Лолитэ Альберт и пхъум республикэм и Iэтащхьэм жриIащ мазитхум иг и сабийр зэрыныкъуэдыкъуэр. Абы хуатха хущхьэхэр къэщэхуным ахъшэшхэ токIуадэ. И Iуэхур апхуэдэ дыдэщ Шэджэм районым щыщ Мацуевэ Залинэ Хьэсин инхьуми - абы и сабийр мазиплI къэс зэ Санкт-Петербург ямыщэу хъуркъым. А район дыдэм щыщ Хьэгъэбанэ Нарпилэ Нарим инхьуми КъБР-м и Iэтащхьэм хуIуэтащ абы и пхъури ягъэхъужьи папщIэ къэшэшхуэ текIуадэу куэд щIауэ къызэрырагъэIэзэр.

А псоми жаIам едаIэри, Къанокъуэ Арсен къыхэкIуа цIыхубзхэм я сабийхэр икIэщIыпIэкIэ хэуауэ екъуэхъащ икIи дэтхэнэми ахъшэкIэ дэIэпыкъуну кыригъэгъащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэм депутатхэр щыхэплъащ Iуэху зэмылIэужьыгъуэу щIым щIигъум. Ар иригъэкIуэкIащ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и спикер Чеченов Ануар.

Законодательствэмрэ къэрал хуэхэкIэмкIэ комитетым и унафэщI Мэремыкъуэ Арсен и лэжьэгъуэм я пащхьэ къриплъхьащ «Республикэм и закон щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным, яныныкъуэ республикэ законхэм къару ямыIэжу кьэлыгтэным и Iуэхукъ1э» законопроектыр.

- Мы документыр дгъэхьэзыращ федеральнэ законодательствэм и мардэхэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа федеральнэ закон зыбжанэ кьызэращтам кьыхэкIыу. Абы кьыщыгъэлъэгъуащ КъБР-м и закону 100-м зэхъуэкIыныгъэ щхьэхуэхэр халъхьэну, апхуэдэу КъБР-м и закону 5-м къару ямыIэжу кьалытэну. А зэхъуэкIыныгъэ псори зы законопроектым кьызэщIрагъэубыдэн хуей хъуащ, республикэм и зы закон къэс зэхъуэкIыныгъэхэр федеральнэ закон зыбжанэм япкь иткIэ зэрыхалъхьэм кьыхэкIыу, - кьыхигъэщхьэхухIащ Мэремыкъуэ Арсен.

Депутатхэм мы документым зэрепльыр зэхуэIуэтэн ныдэ, ар 2013 гъэм и бжьыхьэм КъБР-м и Парламентым зэлэжьыну IуэхуэхмкIэ планым хагъэхьащ икIи зэрыхуэфащэкIэ елэжьын папщIэ депутатхэмрэ Iэнатl эщхьэхуэхэмрэ хуагъэхьащ.

КъБР-м и Парламентым Законым тетынымкIэ, хабзэр хъуэмэнымкIэ, жьылагъуэ шынагъуэншагъэ къызэрэгъэщынымкIэ и комитетым Президиумым и зэIущIэм кьыщыхилъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм корпущэм щебэнымкIэ зэжьыпхъэхэм я Iуэхукъ1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законым и проектыр. Комитетым и унафэщIым и къудэгъ Шумахуэ Арсен зэрыжIамкIэ, законопроектым егъэтэмэжьж хабзэ мардэхэр федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр кьимышэным теухуа экспертизэр, ар зэрыгагъэкIуэкI щIыкIэр къызэрыбгурыIуэн хуейр, апхуэдэу корпущэм пэщIэтынымкIэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм яIэ полномочиехэр.

Мы комитет дыдэм кьыхилъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Уэчылхэм я палатэм Iэщ1агъэмкIэ и комиссэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэхэр зэрыхагъахьэ щIыкIэм и Iуэхукъ1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» федеральнэ законым и проектыр къэщтэным еужьэрэкIын папщIэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и УнафэщI Нарышкин С. Е. КъБР-м и Парламентым зэрыхьхуигъаэр. А законопроектыр КъБР-м и Парламентым игъэхьэщыр Къэрал Думэм къыщыхилъхьауэ щытащ 2012 гъэм и мэлыжьыхь мазэм.

Парламентархэм даIыгъащ «Урысей Федерацэм зэрыщрагъадэжм и Iуэхукъ1э» Федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» федеральнэ законым и проектым арэзы укъинымыщIу КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комитетым кьыхэрилъытыр. Федеральнэ законым халъхьэну я мурад зэхъуэкIыныгъэр зыхуэзнэтIар езы еджакIуэр хуей ныжьмэ, курыт щIэныгъэр зэрыригъэгъуэтамкIэ къэрал экзамен зэрыгэтхэр егъэтыныр. Апхуэдэ гукъыдэж езы еджакIуэм имышIамэ, абы школыр къызэриуламкIэ экзаменхэр ирагъэту аращ. А псоми кьаджIуэу зэхъуэкIыныгъэхэм кьагъэув урысыбзэмрэ математикэмрэ я мызакъуэу, экзаменхэр фIэкIынI1э имыIэу литературэмкIи ирагъэтыну, апхуэдэу гъэзэщIакIэ властым и органу зыхуэфащэ полномочиехэр зиIэм унафэ ищIамэ, нэгъуэщI предметхэмкIи экзаменхэр кьыIахьну.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● Зыужьныгъэ

Iуэхущ1анIэщIэ 28-рэ

Май къалэм 2030 гъэр къэсыху зэгъэужьыныжьмкIэ и план нэхъыщхьэмрэ абы и щIыр къыззрагъэсэбэныну хабзэхэмрэ зэхалъхьащ.

«А ПЛАНЫМ иткIэ, мы гъэм и кварталищым Май районым лажьэу щаутIыпщащ сату, цIыхухэм Iуэхутхьабзэ щыхуащIэ Iуэхущ1анIэу 28-рэ», - жиIащ Май щыналъэ администрацэм и къудамэм и унафэщI Кожемякэ Ольгэ.

Зэрагъэпэщыжа нэужь, Май къалэм лажьэн щыщIадзэжащ щхьэщIэщ1анIэм, хущхьэу щ1анIэхэм. Аращ мэлажьэ «Урысейм и Хьуманl1э банк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и Iуэхущ1анIэ. Александровскэ, Котляревскэ, Новоивановкэ къуажэхэм, Колдрасинскэ къутырым тыкуэныщIэхэр къащцыIэуахащ.

Районым уней псэуIэу 126-рэ щаухуащ, псори зэхэту метр зэбгъуэзнатIэ мини 10-рэ 155-рэ хъуу.

ЮРЧЕНКЭ Наталье.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

КъБР-м и къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ я органхэм я лэжьэжIэр зыхуэзэр къащIыгтэн папщIэ цIыхухэм Интернеткlэ йоупщI. Абы хэтыну хуейхэм **www. pravitelstvokbr.ru** сайтым «Внимание: соцопрос!» баннерыр кьащIыщIагъэщу езыхэм я районым, къалэм щIыпIэ унафэр щызезыгъакIуэ органхэм я лжьэкIэр кьиззэралытэр иратхэ хьунущ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал кIуэцI политикэмкIэ и управленэ.

● IэнатIэхэр

IэщIагъэщIэхэм хуагъасэ

Цыхухэм Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт Iуэхущ1анIэхэм 2013 гъэм и мазэ 10-м щрагъэджащ республикэм щыщ лэжьанIэншэу 600-м щIигъу.

КъБР-м Цыхухэр лэжьанIэкIэ кьиззэгъэпэщыныжьмкIэ и къэрал комитетым зэгурыIуэныгъэхэр ярищIылащ еджанIэ зэмылIэужьыгъуэу 30-м щIигъум.

Министерствэм и къудамэм и унафэщI Чеченовэ Джаннэ и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, республикэм Iэмал псори щыIэщ лэжьанIэншэхэр IэнатIэхэр зыхуэныкъуэ Iэщ1агъэхэм щыхуагъэсэныкIэ икIи нужькIэ пыухыкIауэ лэжьанIэ щагъэувыныжьмкIэ.

Мы Iуэхур дахын папщIэ ильэс кьэс зэтрауху кьыкIэлъыкIуэ гъэм лэжьанIэншэхэр зэрыратхьдзэну щIыкIэмрэ зыхуагъэсэну Iэщ1агъэхэмрэ. Иужькlэ еджанIэхэм зэгурыIуэныгъэхэр иращIылI.

Нэхъ тынш ящещI

КъБР-м Цыхухэр лэжьанIэкIэ кьиззэгъэпэщыныжьмкIэ и къэрал комитетым зэпыныуу къет хуэныкъуэхэм IэнатIэхэр ягъуэтыныжьмкIэ щыIэ Iэмалхэм теухуа хьыбархэр.

Псалъэм и хьэтыркIэ, ахэр еунэтI «Урысейм щыIэ лэжьанIэхэр» къэрал интернет-ресурсым. Мы зэманым сайтым КъБР-м лэжьанIэ IэнатIэу 928-рэ щыIэу ятащ.

Мыпхуэдэ Iэмалым тынш ящещI лэжьанIэхэр къэлыхьуэныр. Ар кьиззэгъэсэбэныр папщIэ цIыхухэм интернет-ресурсым зыщригъэтхьын хуейщ. АбыкIэебгъэхь хьунущ лэжьанIэ уэрылъыхьуэм теухуа хьыбарыр, пхуэзфIэкIыр зыхуэдэр иту. Лэжьанl1э зытхэм а хъыбархэм я тэмэмгъыр ткIийуэ кьапщытэ. Зи гугъу тщIы сайтым мы зэманым лэжьанIэ мелуанитI хуэдиз кьащыгъэлъэгъуащ, нкьуэдыкьуэхэм папщIи иралъхьа IэнатIэхэу мин 65-рэ хэту.

Урысейпсо банкым и фIыгъэкIэ лэжьанIэ увыну хуейхэм ахэр кьащащIыхьуэ хъунущ «зы щхьэгъубжэ закъуэ» хабзэм тету.

ХЪЫДЗЭ Мурат.

Джэданэ Алим и зи чэзу дыщэ

Китайм и Циндао къалэм иджыблагъэ щекIуэкIа Гран-при дунейпсо зэпеуэм екъуалIэныгъэкIэ хэтащ ди лъахэгъу Джэданэ Алим. Абы и закъуэщ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам щыщу дыщэ медальр къэзыхьыфар.

ДУНЕЙМ и дзюдоист нэхъ лъэщ дыдэхэу къэрал 57-м икIахэр мыхьэнэшхэу зиIэ мы зэхъэзэхуэм зэхуишэсат. Килограмм 66-м нэс зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм Джэданэ Алим зIуIущIиплI щригъэкIуэкIати, псоми кьабзэу щытекIуащ.

ЯпэщIыкIэ адыгэ щIалэм хигъэщIащ Корее Ипщэм икIар. Абы кIэлъигъэкIуащ хэгъэрейхэм я спортсменыр. Финалым щыбзэфын папщIэ, иджы арефIэкIын хуейт Дагъыстэным щыщ Магомедов Камал Хъан. Ари Джэданэм къехъулIащ.

КIэух зэIущIэм Алим фIыуэ хуэхьэзыру кьыщIэкIащ. Абы къыщыпэщIэта монгол дзюдоист Даваадорж Тумурхулет зы Iэмали иритакъым икIи, къабзэу тридзэри, дыщэр зыIэригъэхьащ.

Урысей Федерацэм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Дунейпсо кубокыр къэзыхьа, Европэм и чемпион, Олимп Джэгухэм хэта Джэданэ Алим иджы епIанэу зэкIэлъхьэжьу (2010 гъэм щыщIэдзауэ илъэс къэс) Гран-при сауГъэт лъапIэр кьихьащ. Килограмм 66-м нэс зи хьэлъагъ дзюдоистхэм я деж зэхагъэува дунейпсо рейтингым ди лъахэгъу щIалэр нобэкIэ щыпэщ - Тхьэм иригъэфIакIуэ!

ЖЫЛЛАСЭ Заурбэч.



● Хъыбар гуапэ

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Коррупцэм пэщIэтыным теухуа мардэщIэхэр къащтэнущ

● Гъэугухэр

Iыхьэ зыбжанэу гуэшауэ зэрагъэпэщыж

Прохладнэ - Ново-Покровскэ - Прималкэ - Ново-Поптавскэ щыналъэ автомобиль гъэугур куэд щIауэ зэкIэлъымыкIуэу йокIуэкI. Гъэугум кьнудауэ нIэхэр зэхэмыIэ зэрагъэхьхуэж щхьэкIэ зырн кьнкIыркъым.

АБы кьыхэкIыу республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен унафэ ищIащ дыхьэрыт итIысхэм щIадзэу ар зыхуей хуагъэхьэну.

Лэжьыгъэхэр езыгъакIуэкIыну зи мурадхэм я конкурсым щытекIуащ «Аруан гъуэгу ремонт-ухуакIуэ управленэ» подряд Iуэхущ1анIэр. Абы лэжьыгъэхэр Iыхьэ зыбжанэу зэпыудауэ иригъэкIуэкIынущ икIи километр 15 зи кIыхьагъ автомобиль гъуэгур 2014 гъэм кьриубыдэу зыхуей хунгъэзэнущ. Апхуэдэу лэжьыгъэхэр кьащIыщэрагъэпэщым и щхьэхуэсыгъуэр щIымахуэ зэманым асфальт трамыIыхьэну мурад зэращIарщ.

Иджыпсту щIадзауэ гъуэгур зэтес щIащ, мывэ хьэжар жуб3.

КЪУМЫКЪУ Мадинэ.

Iуэхур щагъэпсынщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым социальнэ дэIепыкъуныгъэхэмкIэ и органхэм екIуэлIэну хуейхэм, жып телефонхэмрэ планшетхэмкIэ зыпащIэу зрагъэтхъунущ. Апхуэдэ щытыкIэщIэм и фIыгъэкIэ а Iэнатlэхэм я Iуэхутхьабзэ хуэныкъуэ щIыхухэм я зэманыр нэхъ къыдэгъэхуа мэхъу, я Iуэхури тынщу зэфIокI.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм елэжьын щIидзащ «JOS», «Android» мобильнэ системэхэм я гуэдзэнэхэр къэгъэсэбэныным. Абыхэм я фIыгъэкIэ Iуэхутхьабзэ хуейуэ закъыхэхуэзыгъаззэ дэтхэнэми Iэмал игъэтынущ къызэрыдзIэпыкъуну ныкъуэр зыхуэдэмрэ абы теухуауэ игъэхьэзырын хуей тхылъхэмрэ щыгъуаззэ зыхуицIыну.

ТОКЪУМАКЪ Мадинэ.

Доллар яIэну хуимыту

ЛДПР партым Къэрал Думэм щIэ фракцэм хэт Дегтярёв Михаил дыгъуасэ къыхилъхьащ Урысей Федерацэм америкэ доллырыр къащIагъэсэбэну, щахъумэу хуит мыщIыным теухуа законопроектыр.

Ар пхыкIмэ, америкэ доллырыр гъэтIылъыгъэу зиIэхэм хуагъэувынущ абыкIэ зыхуей зыгуэрхэр кьащIэхуу ирагъэкIыну е нэгъуэщI ахъшэ лIэужьыгъуэхэмкIэ яхъуэжьыну. «Проектыр кьащIыхэтлъхьэр доллырым ди къэрал экономикэм увыпIэшхуэIуэ зэрыщифыдарщ, абы и пщIэр дгъэмэщIэн зэрыхуейрщ», - жиIащ депутатым.

Мы махуэхэм

Щэкlуэгъуэм и 14, *махуэку*

♦Фошыгъу узым ебэныным и дунейпсо махуэщ
♦ФIагъым и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м социологым и махуэр щагъэлъапIэ
♦ 1666 гъэм къэу лъы хакIауэ щытащ. Ар зы хьэм кьыхашри, нэгъуэщI хьэм хакIат.
♦ 1851 гъэм Санкт-Петербург - Москва гъущI гъуэгум цыху къезышэкI мафIэгу япэу иригъуауэ.
♦ 1956 гъэм КПСС-м и обкомым щытепсэлъыхьащ Къэбэрдейр Урысейм езым фIэфIу зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрыркъым зэрыкъуагъэхьэзырым. Доклад зэщIар обкомым и секретарь Бэрбэч Хьэтlутlэщ.
♦ Белоруссиемрэ и къалащхьэ Минск щыIэзэхэтынущ Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгухьэныгъэм Iэпхъуэщапхъэуэ Iуэхухэмкlэ я унафащхэм я Советым и зэIущI.
♦ ТхакIуэ **Къашыргъэ Хьэпащ1э** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокIу.
♦ Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Ефэнды Джипатыстан** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокIу.
♦ Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКУ-м и профессор **Пащ1э Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокIу.
♦ Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэрмокъуэ Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриплъыкIэ, Нашлык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу кьащIешынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 10, жащым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Щэкlуэгъуэм и 15, *мэлыжьыхь*

♦Дзэм къуплькъу щищIэну ираудзэм и махуэщ
♦Бельгием щагъэлъапIэ пащтыхьыгъуэр зыныгъ унагъуэм и махуэр
♦ 1764 гъэм Урысейм Художествэхэмкlэ и академиер къызэрагъэпэщащ.
♦ Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКУМА-м и профессор, ЩIДАА-м и къан-корреспондент, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкlэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэшыр Юрий** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокIу.
♦ Публицист, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и ныбжьэгъу **Щирдий Маринэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ **Мэкъуауэ Фатlимэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦ Адыгэ Республикэм щыхь зиIэ и артисткъ **Къудей Фатlимэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриплъыкIэ, Нашлык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жащым градус 0 - 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iуащ1гъэ:

Къуиим и пыIэ щыгъупщэркъым.

Коррупцэм пэщIэтыным теухуа мардэщIэхэр къащтэнущ

(КIуэхьр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

- 2014 - 2015 гъэ еджэгъуэм кърикIуахэм япкъиткIэ, зыуэ щыт къэрал экзаменхэр къызэрыIахьыну щыкIэм, законопроектым къыщыгъэлъэгъуа Iэхъухэри абы хиубдзу, зэхьэуIыныгъэхэр хэлъхьэным УФ-м и Правительствэм зэрыщелэжьыр къэхьплытэмэ, дызытепсэлъыхь законопроектыр мы зэманым къемыIэгъыу къыдобж, - жиIащ Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ комитетым и унафэщI Дадэ МуIэед.

Депутатхэм апхуэдзу даIыгъакъым УФ Федерацэм зэрыщрагъаджэм и IэхъухкIэ» Федеральнэ законым и 63-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным хуэгъэза федеральнэ законопроектыр. А документым къыщыгъэващ курыт школхэм щIэсхэр фащэ зэщхькIэ яхуэпэну, а фащэр зыхуэдэнум, цIыкIуэхэм зэрыщатIэгъэнум, гъэм и зэманхэм елыгтауэ зэрахъужкIым хуэгъэза хабзэхэр къэщтэнымкIэ полномочиехэр УФ-м и Правительствэм бгъэдалъхьэну. Ауэ апхуэдэ законопроектым УФ-м и щыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я щытыкIэри лъэпкъ республикэхэм я псэукIэмрэ щIэныгъэмкIэ комитетым и унафэщI.

- А псоми кьадэкIуэу зыщIэгъэгъупщэн хуейкъым «Урысей Федерацэм зэрыщрагъаджэм и IэхъухкIэ» Федеральнэ законым школакIуэхэм я щыгъыныр зыхуэдэр нубзыкуэ еры еджапIэм зэрыбгъэдилъхьэр, абы и лъэныкъэкIэ Законым е УФ-м и субъектым и законодательствэм нэгъуэщI къащымэгъэлъэгъуамэ, - жиIащ Дадэ МуIэед.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар щIэупщIащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэр мы Iэхъум зэрепльым.

- Министерствори ди акъылэгъущ икIи ди мурадщ школакIуэхэм я щыгъныр зыхуэдэу щытыпхъэр «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зэрыщрагъаджэм и IэхъухкIэ» КъБР-м и Законым хэтлъхьэжьну, - жиIащ абы и жуаду комитетым и унафэщIым.

Президиумым и зэIуIэм унафэ къыщащтащ федеральнэ законэм я проектхэм зэрепльр УФ-м и Федеральнэ Зохуэсым и Къэрал Думэм хуагъэхьыну.

Президиумым хэтхэм даIыгащ КъБР-м и хабзэубзыхуэ орган нэхъыщIхьэ Парламент лэжьыгъэр зэгъэуIуныкIэ, регламентымкIэ, депутат щхьэхэзмкIэ и комитетым КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыпIэ тыным теухуауэ къыхилъхьахэр. А дамыгъэ лъапIэр иратащ законодательствэм, парламентаризмэм, парламентым зэрыщIэныгъэхэм зегъэужьыным куэд зэрыхащIыхьам папщIэ - Несутулов Виктор Георгий и къуэм, КъБР-м и Парламентым Экологиемрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпыныкIэ и комитетым и унафэщIм, КъБР-м и Парламентым и ятэ хэхьгъуэм и депутату щыта Ахметов Уэсмэн Иб?рэхым и къуэм, КъБР-м и Парламентым и ешанэ хэхьгъуэм и депутату щыта Иванов Игорь Виктор и къуэм; щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ Iэнатlэм зегъэужьыным куэд зэрыхищIыхьам папщIэ - Ким Римм? Борис и пхъум, «Май муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм финансхэмкIэ и управленэ» муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и унафэщIым, Май муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм экономикэмрэ финансхэмкIэ и къуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэм.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ».

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

«Тутын дефэну хуит дыщащIым къыдгурыIуащ дыкъызэремылынур»

Дертышхуэ зиIа кхъухьлъатэм исам апхуэдэу журналистхэм къажриIащ къела ижь

● Кхъухьлъатэ

Хьэрычэтыщ1э лэжьакIуэ ныбжьыщIэ Гуницев Александр и мурадкъым Уфа икIыу езыр щалъхуа Екатеринбург кхъухьлъатэкIэ пьэтэну: ар узгум щошынэ. Арщхьэкlэ и ныбжьэгъу зэныкъуэкIэ пьэтэну: «Уделэ уэ?! Хьыджэбзым и пащхьэм шынэкъэрабгъуэ зыныкIыщIэхьэгъэуэн укIытащ. Ауэ зэрыгегушхуамкIэ псынщIэ дыдэу щIегъуэжащ.

Дэ Алекъсандр дельэIуащ щхьэхуар зэрыкхъэфIэкIкIэ кIыIуэтэжыну. Мис абы дызэригъэдIуар.

Сыхьэт 19-рэ дакъинкъэ 15-м. Кхъухьлъатэр кхъТIысыну зыкъретъэхъэшхэх. Укъыпплъыхмэ, тIысыпIэри уолъагъу.

Сыхьэт 19-рэ дакъинкъэ 16-м. Кхъухьлъатэм псынщIэу зеIэтыжь.

Сыхьэт 19-рэ дакъинкъэ 20-м. Стюардессэр кхъухьлъатэзэхуэхэм я кабинэм щIохьэри кхъущIожьыж.

- Псори зыгуэр хъунт, арщхьэкIэ стюардессэр щхьэгъубжэм кIэроуэри дэплъу щедзэ, - игу кьегъакIыж Сашэ. - ДоупщI: сыт кхъэхуар? Жэуап кхъдитыркъым.

Сыхьэт 19-рэ дакъинкъэ 22-м. Пассажирхэр нэхъ хэкъуэзэу щIоупщIэ кхъэхуам. Стюардессэм жэуап кьаритыркъым.

Сыхьэт 19-рэ дакъинкъэ 26-м. Кабинэм къоКI пилотхэм ящыщ зыр. Ари щхьэгъубжэм доплъ. И щхьэр егъэсысри, щIохьэж.

Сыхьэт 19-рэ дакъинкъэ 30-м. ЕтIуанэ пилотри кхъщIокI. Ари сакъыу щхьэгъубжэм доплъ.

Сыхьэт 19-рэ дакъинкъэ 37-м. ЦIыхухэм кхъагурыIуащ кхъухьлъатэм зыгуэр кхъызэрыщIащIар. Аха? гуэкъещ.

- Дэ дыгушыIэну, уеблэмэ, дыдыхьэшхыну дыхэтт. Ауэ жьытIэр тщIэжьыртэкIым. Ауэ щIэлъэ мэкIий: «Кхъухьлъатэ ехуэхым нскъым динир зи фIэщ мыхъу!»

Сыхьэт 19-рэ дакъинкъэ 44-м. ЦIыху шынахэм къагъэув кхъэхуар жраIэну.

- Абдежым стюардессэм зитащ: «шассижэр зэIукIыркъым». Кхъухьлъатэр кIуэщIым къыщыхъуахэр къэпIуэтэжыну гугъущ, ауэ зэуэ шассижэр зэIукIыжащ. Дэ ар иплюминаторымкIэ тлъэгъуащ, Ди гур псэхуакIащ! Дыкъелащ! Арщхьэкlэ деПIащIэкIыну дыгуфIауэ къыщIэкIащ.

Сыхьэт 19-рэ дакъинкъэ 51-м. Пилотхэм ящыщ зым къыджкIащ шассижэр тэмэму къызэрызэIуныкIар. Кхъухьлъатэр аргуэру зэхуэщIыжьынкIэ шынагъуэ щыIэт.

Сыхьэт 20-рэ дакъинкъи 5-м. Стюардессэм къыджкIэ: «ДызэрытIысыфым хуэдэу дытIысынущ». КьекIуэ, бгырыпхъэм зэрызрагъэубыдар къипщытэу. ИтIанэ макъ кIэзызкIэ щIегъуэ тщIэн хуейр. Зы щIоупщIэ: «Тутын дефэ хъунэ?» Тутын дефэну хуит дыщащIым, къыдгурыIуащ дыкъызэремылынур. Уеблэмэ, тутын кьитхъакъым - ар ди лажьэт?! Зыми сурэтн тетхакъым. Мыбдеж стюардессэм SMS-кIэ зыгуэр итхыу щIидзащ. ИлэIуэкIэ абы хуит дищIртэкъым жьыт телефонхэр къэдгъэсэбэпу.

Сыхьэт 20-рэ дакъинкъэ 27-м. Кхъухьлъатэр кьотIысэ.

- Псори зэфIэувмэзэхащ. Зыми зы псалъэ жиIэркъым. Шассижэр щIым къытоувэ. Адэкlэ кхъэхунур тщIэркъым. Секунд зыбжанэ дэкIа иужькIэщ кхъущIгурыIуар: псэуэу дыкъелащ! Дэ ину Iэгу деуэрт. Апхуэдизу ину дэ тщыщу зыри нэхъапэм Iэгу еуауэ кхъущIэкIынтэкъым. Кхъухьлъатэм дыкъущIыкIыжьым пилотхэм ящыщ зыр кхъидэхьуэхьуащ, етIуанэу дыкъызэрагъэхуамкIэ.

Мы зэманым «Росавиацэм» кхъэхуам и щхьэусыгъуэхэр кьэхутэ.

ГОРБУНОВ Андрей.
«Комсомольская правда»

● Щэпхъаджагъэ

Абы зэрелджэр «Пащтыхьт»

Кызыл и кьалэ судым Ак-Довурак и администрацэм и Iэтащхьэ Ооржак Шолбан игъэтIащ, дызыкъэкIуэ щIышылэм и зэхуэдитI хъуху щысыну. «Урысей зэкъуэт» партым хэт, илъэс 34-рэ ныбжьым ит унафэщIыр ягъэкъуаншэ щIыхухэр къыдыгъуу икIи иубэржэкъу щытауэ. ИпэIуэкIэ апхуэдэ щхьэусыгъуэ дыдэкIэ ягъэтIысащ кьалэ Iэтащхьэм и кьэщ Буян. Я адэ Ооржак Александр и унэм къыщIэкIыну хуиткъым.

ЩIРИ зэрагъэкъуэншар зэхуэдэ Iуэхуэкlащ. Абы кьыхэкIыу ар хуохIуэ гуп кьыхэрагъэпэщу ялэжьа щIэпхъаджагъэм. Лей зытехьахэм зэрыжеIэмкIэ, абыхэм ягъуэщ кьалэ унафэщIым и адэ къуэшри. Арщхьэкlэ абы теуху хъыбар гуэри хабзэкъуэмэхэм Тувам къратыкIакъым.

А гупым цIыкуэхэр хуабжьу щыщынэрт. Куэдым ящIэ Ооржак Шолбан ипэжыпIэкIэ зищIысыр, ауэ «Урысей зэкъуэт» партыр «хэлы-фIыхьри» Iэтащхьэу ягъэуващ. Ар гугъутэкъым: партым кьалэ хуралым бжьыпэр щIигъэт. Республикэм и щатIыкlэ щыетIуанэ кьалэм и Iэтащхьэ Шолбан зыхуей дыдэр ищIэрт, езым и хабзэхэр зрагъэувыжкат.

Ооржакхэ зэхащIыхьэр сэтей кьэхуауащ цIыхухъуитI хьэлъэу яубзыжкIу республикэ сымаджэщым щIэхуа иужь. А тIум язым хабзэкъуэмэхэм захуигъэзащ. Абы кьыIуэтэжащ Ооржакхэ лIищ ядыгъуу куэдрэ зэраубэрэжьар. Кьалэ Iэтащхьэм ищхэм ящыщ ядыгъуэу пцIы кьытралъхьат.

Ооржак Буян зэуэ зигъэбзэхащ. Шолбанрэ и адэрэ яубыдащ. Арщхьэкlэ яутIыпщыжкIи хуей хъуащ, прокуратурэр Iэхъум хэIэбэри. Хуит зэрыхьужу, Шолбан зигъэпщкIуащ. Зэкъуэшхэр кьэралпсом кьыщалъхьуэу щIадзащ. Жэпуэгъуэм и 31-м тIури кьыщагъуэтащ Ак-Довурак щалэ щIапIэм.

ЩIыпIэм щыпсэухэм Пащтыхьым теухуауэ (арат абы зэрелджэр) куэд ябзыщ1 пэтми, сэтей кьохьу ар зэрыгугъэгъунш1э дыдэр. 2005 гъэм зэадзэзкъуэм ябуэрэжьауэ щытащ зи кьалэнхэр зыгъэзащIэ кьулыкъущIэр.

АГЪЭПЭЖЬ И. Аскер.
Нохурыкъуэ.

● Абы дегъэпIейтей

Хэт «ди къэралым и сэбэп ин зыхэлъхэр» хэзыутэр?

Урысейм и национал-шовинистхэу Жириновский В. В. зи пащэм къэралым кьыщыхьей дэтхэнэ кьаугъэри кьагъэзэбэп Кавказым щыпсэухэмрэ Азие Курытым и къэралхэм я щыхухэмрэ ягъэпудын, ахэр хъунщIкIыуэхэу, икIагъэ зезыхьэхэу кьыщIрагъэдзын папщIэ.

ДЭ СЫТ хуэдэ лейри дзэкъым, дигу техуэрэкъым сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIи щIыхь ящIыIуи.

Москвам ди къэралым и нэгъуэщI кьалэхэми славян теплъэ зимыIэ щIыху нэхьыбэ щаукI, урысхэм нэхьрэ. Арщхьэкlэ Кавказым кьыхуэдзэлашхэ СМИ-хэмрэ политикхэмрэ апхуэдэ Iэхуэхэр яльэгъуркъым, сэтей кьащIыр урыс щIыхэмIуадэм и дежщ.

Президент Путин В. В. дь дыкьыхуредж «ди зэхуэдэ лъапIэныгъэхэр, хэкупсэ зэхэщIыкIыр, тхэль жэуаплныгъэр, зэкьылэгъуныгъэр, хабзэм пщIэ зэрыхуэтщIыр, ди хэкур ефIэкIуэну дызэрыкуейр я лъабжьэу ди къэралым и щIыхуэхэр зэкъуэдгъэувэну». Ар атабэуэу щIыкIым и щхьэусыгъуэр федеральнэ центрым иригъэкIуэкI псэуныгъэ-экономикэ, лъэпкъ политикэр егъэфIэкIуэн хуейщи аращ.

Мыпхуэдэ Iуэхуэхэр Кавказ Ищхьэрэм и мызакъуэу, Сыбырми КъуэкIыпIэ Жыжьэми щокIуэкI. Урысхэм хуэдэу, адрей лъэпкъхэм щыщхэри мэлэпхуэ. Абыхэм Москва, нэгъуэщI кьалэхэм кьыщыIуощI «кьуэджэдхэщ» псалъэ жагъуэмкIэ.

Урысейм Кавказ Ищхьэрэр игъашхэ хуэзыу ягъэIу. Ауэ абы тIуащIэу убгъэдыхьэ хъунущ. Ди къэралым дотащэ зритыр лъэпкъ республикэхэм я закъуэкъым.

Апхуэдэ псалъэхэр жаIэн и пэкIэ Жириновскэмрэ абы и пыхьэлышэхэмрэ ириплъэжьын хуейт псомэ ди лъахэу щыт къэралым и тхыдэм. Апхуэдэу республикэхэм я щIэкIэ Къэрал Думэм хэт депутатхэм я кьару нэхъ ирахьэлIэн хуейт езыкъэм я щIыналъэхэм я сэбэп зыхэлъхэр пхагъэкIыным, абы кьыдэкIуэри, «кавказ лъэпкъхэм ящыщхэм» я пщIэмрэ щIыхьымрэ хъумэным.

КъАЛМЫКЪ Жылэбий,
КъБР-м и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэрызыгъуэу советым и унафэщI.

● Украинэ

Къратыжыну пIэрэ?

Украинэм хэхъуэхэмрэ кьыхахъхэмкIэ и министерствэм Инджылызым щыIэ юридическэ компание нэхъ зэфIэкIыпхъэ зыбгъэдэлъхэм ящыщ зым зыхуигъэзащ, «къэралыр пэмыкIыгатэгъэ хэлъу зэхадыгъуэу хамэ щIыналъэхэм зыщахъэм зэрагъэпэща мылькур кьратыжьынымкIэ кьалэIэпыкъуну» елъэIуу.

МЫ ЗЭМАНЫМ Украинэр щытыкIэ хьэлэ итщ, и жыпыр нэщIщ, МВФ-м щIыхуэ кьритыжьыркъым. Аращи, мылъку хуабжьу хуэныкъуэщ.

Зи гугъу ящIыр премьеру щытахэу Лазаренкэ Павелрэ Тимошенкэ Юлиерэщ. ЗэрыжаIэмкIэ, абыхэм зохадыгъуа ахъшэр мы зэманым США-мрэ Швейцариемрэ щахъуэмэ. Компанием гъэжэн гIыдзакIэщ икIи Iуэхум зэкIэ кIуахэр хэIуцIыIу ещI.

Я зыныкъуэхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, кьалтыхьуэр Лазаренкэ премьеру щыщыта лъэхъэнэм Украинэм ирашу нэгъуэщI къэралхэм я банкхэм щэхуу хатьхьа доллар мелуан 200-рщ. 90 гъэхэм «Украинэм Зыуэ щыт и энергетикэ ГэнатIэхэр» корпорацэ иным и унафэщIа Тимошенкэ Юлие яхэтагъэ жаIэ а ахъшэр зэхэхьыдыгъуахэм. НэгъуэщI хьыбархэм хэахощ Юлие и закъуэ доллар мелуан 500 «игъэкIуэса» хуэдэу. Американ политик цIэрыIуэ Бжезинскэм «доллар мелард 11 и уасэ цIыхуфбзу» кьилъыта Тимошенкэ зыгуэр кьыхуэнэн хуейтэкъэ?!

Швейцариеи и банк гуэрым (абы и цIэр зэкIэ жаIэркъым) щихъымэу хуагъэфащэ Юлие и мылькур. Украинэм и иджырей унафэщIхэм жаIэ 2005 гъэм, нужькIэ 2008 - 2010 гъэхэм Министрхэм я Кабинетым и пащэу щыта цIыхубзым зи Iуэху зэрихуар экономикэм зегъэужьыныркъым, атIэ хэрал мылькур зэхэдыгъэныкъо. Абы кьыдэкIуэу аргуэру ирахьэжьажщ зэгуэр ягъэужьыхауэ щыта псалъэмакъыр. НаIуэ зэрыщытщи, цIыхубзыр ягъэхъаншэ хъэрычэтыщIэ икIи депутат Щербань Евгений иригъэуэкIауэ.

И джыри къэс ягугъащ Тимошенкэ дохутырхэр зэритэгъэIэн папщIэ Германием кIуэну хуит зыщI унафэ Радэм кьищтэну. Евросоюзым Вильнюс дригъэкIуэкIыну зэIуцIэр кьыщызэIуахыну зэманыр жьыжьэкъым. Арщхьэкlэ ЩIыналъэхэм я партым щыщхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэм занщIэу зихъуэжащ: «ЩIэпхъаджащIэр езым и ахъшэр здэщыIэ КъухьэпIэм бгъаIуэ хуэу?! ЦIыхуэхэм дакъыгурыIуэнукъым. Езы Европэмэ жеIэ мылъку зэхэзыдыгъэхэм ткIийуэ ятощIэтыш хуэхуэ?»

Арщхьэкlэ оппозицэм егъэIу властхэм жаIэр щIы зэфэзэщIу. ИкIи псори зытещIыхьар 2015 гъэм екIуэкIыну хэхьныгъэхэм Тимошенкэ Янукович трамыгъэкIуэну арауэ. Къэралым щекIуэкIхэм теухуауэ есы президентым зыри жиIэркъым.

МУСАФИРОВ Эльгъ.
«Новая газета»

● Абы дегъэпIейтей

Хэт «ди къэралым и сэбэп ин зыхэлъхэр» хэзыутэр?

Урысейм и национал-шовинистхэу Жириновский В. В. зи пащэм къэралым кьыщыхьей дэтхэнэ кьаугъэри кьагъэзэбэп Кавказым щыпсэухэмрэ Азие Курытым и къэралхэм я щыхухэмрэ ягъэпудын, ахэр хъунщIкIыуэхэу, икIагъэ зезыхьэхэу кьыщIрагъэдзын папщIэ.

ДЭ СЫТ хуэдэ лейри дзэкъым, дигу техуэрэкъым сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIи щIыху ящIыIуи.

Москвам ди къэралым и нэгъуэщI кьалэхэми славян теплъэ зимыIэ щIыху нэхьыбэ щаукI, урысхэм нэхьрэ. Арщхьэкlэ Кавказым кьыхуэдзэлашхэ СМИ-хэмрэ политикхэмрэ апхуэдэ Iэхуэхэр яльэгъуркъым, сэтей кьащIыр урыс щIыхэмIуадэм и дежщ.

Президент Путин В. В. дь дыкьыхуреджэ «ди зэхуэдэ лъапIэныгъэхэр, хэкупсэ зэхэщIыкIыр, тхэль жэуаплныгъэр, зэкьылэгъуныгъэр, хабзэм пщIэ зэрыхуэтщIыр, ди хэкур ефIэкIуэну дызэрыкуейр я лъабжьэу ди къэралым и щIыхуэхэр зэкъуэдгъэувэну». Ар атабэуэу щIыкIым и щхьэусыгъуэр федеральнэ центрым иригъэкIуэкI псэуныгъэ-экономикэ, лъэпкъ политикэр егъэфIэкIуэн хуейщи аращ.

Мыпхуэдэ Iуэхуэхэр Кавказ Ищхьэрэм и мызакъуэу, Сыбырми КъуэкIыпIэ Жыжьэми щокIуэкI. Урысхэм хуэдэу, адрей лъэпкъхэм щыщхэри мэлэпхуэ. Абыхэм Москва, нэгъуэщI кьалэхэм кьыщыIуощI «кьуэджэдхэщ» псалъэ жагъуэмкIэ.

Урысейм Кавказ Ищхьэрэр игъашхэ хуэзыу ягъэIу. Ауэ абы тIуащIэу убгъэдыхьэ хъунущ. Ди къэралым дотащэ зритыр лъэпкъ республикэхэм я закъуэкъым.

Апхуэдэ псалъэхэр жаIэн и пэкIэ Жириновскэмрэ абы и пыхьэлышэхэмрэ ириплъэжьын хуейт псомэ ди лъахэу щыт къэралым и тхыдэм. Апхуэдэу республикэхэм я щIэкIэ Къэрал Думэм хэт депутатхэм я кьару нэхъ ирахьэлIэн хуейт езыкъэм я щIыналъэхэм я сэбэп зыхэлъхэр пхагъэкIыным, абы кьыдэкIуэри, «кавказ лъэпкъхэм ящыщхэм» я пщIэмрэ щIыхьымрэ хъумэным.

КъАЛМЫКЪ Жылэбий,
КъБР-м и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэрызыгъуэу советым и унафэщI.

● Тэтэрстан

Хабзэхъумэ къимыкIуэт

Республикэм щагъэву мы кьхъхуар: гъэпщIагъэкIэ сом мелуан 47-рэ зыIэригъэхьауэ щэч зыхуащIа щIалэм хуэгъэзэ уголовнэ Iуэху кьыIэтащ.

ЗЭ ЕПЛЫГЪУЭКIЭ, абы тельыджкэ гуэри хэлъкъым: иджы зэхадыгъуэхэр зыхуэдизым елыитауэ сом мелуан 47-р ахьшэшхуэкъым. ЯгъэшIыгъуэр нэгъуэщIу: щэч зыхуащI Курманов Ильдар юстицэмкIэ министр Курманов Мидхат и къуэщ. Арщхьэкlэ а щхьэусыгъуэм зэтриIыгъаклым хабзэхъумэхэр.

Иджыблагъэ Тэтэрстаным и прокурору ягъэувэ Нафиков Илдус епIэщIэкIыу журналистхэм зэхэущэсащ, «Iуэхур зэрыщыт дыдэр яхуиIуэтэн мурадкIэ». Абы яжриIащ илъэситI и пэкIэ, республикэм энергетикэмкIэ и министерствэм (нэгъабэ ар зэхуащIыжащ) и юридическэ къудамэм и унафэщIу лажьэу, Курманов Ильдар нэгъуэщI кьэрал фирмэр кьыхэзригъэгугъар, ООО гуэрым зэгурыIуэныгъэ иращIылIэныжмкIэ щIэтэхьэн хуэхьуну. Щэч зыхуащIым и анэ Курмановэ Луизэ кьыхэIуиха а ООО-м сом мелуан 47-рэ Iэрыхьащ, арщхьэкlэ зыми зы лэжьыгъэ зэфIигъэзэфащэм. «КъулыкъущIэхэм зэхащIыхь апхуэдэ хьэгъэщагъэхэм нэгъуэщI кьэрал инвесторхэр Тэтэрстаным бгъэдагъэкI, - жиIащ прокуроршэм.

Жылагъуэм кьэхьуар фIэтельыдыжкэ. Абы гугъапIэ мащIэ кьахилъхьэжащ корпущэм е бэнэныр икIэмикIэжым и пIэ икIынмкIэ. «Прокуроршэм лIыгъэ зэрихьащ. Тэтэрстаным и цIыхуэхэр абы и телъхьэ хъун хуейщ».

«Хабзэхъумэхэм иджыри яхэтщ цIыху хьэрэмыгъэнщэхэр. Дэ дыкъэзыгъэ прокурорыщIэм щыкъэнэ зэрамехэми дыдыхьэну».

«Нафиковэр лIыгъэ зыхэль прокурорщ. Умышынэ, дэ уэ дыкъыпщхьэщыкIынущ»

Арщхьэкlэ, уегупсысмэ, Нафиковым и кьалэн игъэзэщIуэр арксудейщ. Иджы а и лэжьыгъэ кьызэрыгуэкIым папщIэ лIыгъэ зэрихьауэ кьыщIрагъэдз.

БРОНШТЕЙН Борис.
«Новая газета»

Къэхъуар Тхъэм и Iэщ1агъэу фIэкIа кьалъытэрэкъым дохутырхэм. Ставрополь кьалэм сабийр псэуу кьыщынащ обланэ кьэтым кьэхуэха нужь!

● Дэнэ сыт къыщыхъуа?

Тхъэм и фIыщIэкIэ

ИДЖЫБЛАГЪЭ Ставрополь и еплIанэ сымаджэщым яшащ зы илъэс зи ныбжь хьыджэбз цIыкIуэ зи фэр пыкIа и анэмрэ. Сабийр гъыт. ЦIыхубзым зиумысыжащ и ныбжьэгъур игъусэу а махуэм зэрефамкIэ. Пэжу, абы чэфыфэ теттэхъым, насыпыншагъэм Iэужь хуэхъун хуэдзу. ПщэфIапIэм щIэст кIэрIоф иукъэбзу, сабийр джэгурт. Абдеж кьыбГурыт пэшым телефоныр кьыщIэууащ икIи ар пщэфIапIэм кьыщIэкIащ.

- ЩIхьэгъубжащхьэм дэщщея сабийр кьехуэхащ ебланэ кьатым, - жиIащ УФ-м и Следствэ комитетым Ставрополь крайм щIэ кьудамэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу Гришко Еленэ. - Телъыджэщ, ауэ сабийм фэбжьышхуи игъэзэтакъым. Ар удзым хэхуащ.

Мы зэманым хьы джэбз цIыкIур сымаджэщым щIэтыщ, махуэ зыбжанэ дэкIмэ, кьыщIатхыкIыжынущ.

- Дыгъуасэ дэ драджащ цIыхуэхъу гуэр ебгъуанэ кьатым кьэщIехуэха унэм, кьеIуэтэж «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и дохутырым. - ЛIыр зэшэзэпIэу иуклащ. Мыбдеж сабийм и кьупщхьэхэр мащIэу щиущэба кьудейщ. Тельыджащ! Ди ЩхьэцIыгу Итым кьихъуэмащ лажьэншэ сабийр...

ШАРОВЭ Анастасие.
«Комсомольская правда»

«Тутын дефэну хуит дыщащIым къыдгурыIуащ дыкъызэремылынур»

Дертышхуэ зиIа кхъухьлъатэм исам апхуэдэу журналистхэм къажриIащ къела ижь

● Кхъухьлъатэ

Хьэрычэтыщ1э лэжьакIуэ ныбжьыщIэ Гуницев Александр и мурадкъым Уфа икIыу езыр щалъхуа Екатеринбург кхъухьлъатэкIэ пьэтэну: ар узгум щошынэ. Арщхьэкlэ и ныбжьэгъу зэныкъуэкIэ пьэтэну: «Уделэ уэ?! Хьыджэбзым и пащхьэм шынэкъэрабгъуэ зыныкIыщIэхьэгъэуэн укIытащ. Ауэ зэрыгегушхуамкIэ псынщIэ дыдэу щIегъуэжащ.

Дэ Алекъсандр дельэIуащ щхьэхуар зэрыкхъэфIэкIкIэ кьыIуэтэжыну. Мис абы дызэригъэдIуар.

Сыхьэт 19-рэ дакъинкъэ 15-м. Кхъухьлъатэр кхъТIысыну зыкъретъэхъэшхэх. Укъыпплъыхмэ, тIысыпIэри уолъагъу.

Сыхьэт 19-рэ дакъинкъэ 16-м. Кхъухьлъатэм псынщIэу зеIэтыжь.

Сыхьэт 19-рэ дакъинкъэ 20-м. Стюардессэр кхъухьлъатэзэхуэхэм я кабинэм щIохьэри кхъущIожьыж.

- Псори зыгуэр хъунт, арщхьэкlэ стюардессэр щхьэгъубжэм кIэроуэри дэплъу щедзэ, - игу кьегъакIыж Сашэ. - ДоупщI: сыт кхъэхуар? Жэуап кхъдитыркъым.

Сыхьэт 19-рэ дакъинкъэ 22-м. Пассажирхэр нэхъ хэкъуэзэу щIоупщIэ кхъэхуам. Стюардессэм жэуап кьаритыркъым.

Сыхьэт 19-рэ дакъинкъэ 26-м. Кабинэм къоКI пилотхэм ящыщ зыр. Ари щхьэгъубжэм доплъ. И щхьэр егъэсысри, щIохьэж.

Сыхьэт 19-рэ дакъинкъэ 30-м. ЕтIуанэ пилотри кхъщIокI. Ари сакъыу щхьэгъубжэм доплъ.

Сыхьэт 19-рэ дакъинкъэ 37-м. ЦIыхухэм кхъагурыIуащ кхъухьлъатэм зыгуэр кхъызэрыщIащIар. Аха? гуэкъещ.

- Дэ дыгушыIэну, уеблэмэ, дыдыхьэшхыну дыхэтт. Ауэ жьытIэр тщIэжьыртэкIым. Ауэ щIэлъэ мэкIий: «Кхъухьлъатэ ехуэхым нскъым динир зи фIэщ мыхъу!»

Сыхьэт 19-рэ дакъинкъэ 44-м. ЦIыху шынахэм къагъэув кхъэхуар жраIэну.

- Абдежым стюардессэм зитащ: «шассижэр зэIукIыркъым». Кхъухьлъатэр кIуэщIым къыщыхъуахэр къэпIуэтэжыну гугъущ, ауэ зэуэ шассижэр зэIукIыжащ. Дэ ар иплюминаторымкIэ тлъэгъуащ, Ди гур псэхуакIащ! Дыкъелащ! Арщхьэкlэ деПIащIэкIыну дыгуфIауэ къыщIэкIащ.

Сыхьэт 19-рэ дакъинкъэ 51-м. Пилотхэм ящыщ зым къыджкIащ шассижэр тэмэму къызэрызэIуныкIар. Кхъухьлъатэр аргуэру зэхуэщIыжьынкIэ шынагъуэ щыIэт.

Сыхьэт 20-рэ дакъинкъи 5-м. Стюардессэм къыджкIэ: «ДызэрытIысыфым хуэдэу дытIысынущ». КьекIуэ, бгырыпхъэм зэрызрагъэубыдар къипщытэу. ИтIанэ макъ кIэзызкIэ щIегъуэ тщIэн хуейр. Зы щIоупщIэ: «Тутын дефэ хъунэ?» Тутын дефэну хуит дыщащIым, къыдгурыIуащ дыкъызэремылынур. Уеблэмэ, тутын кьитхъакъым - ар ди лажьэт?! Зыми сурэтн тетхакъым. Мыбдеж стюардессэм SMS-кIэ зыгуэр итхыу щIидзащ. ИлэIуэкIэ абы хуит дищIртэкъым жьыт телефонхэр къэдгъэсэбэпу.

Сыхьэт 20-рэ дакъинкъэ 27-м. Кхъухьлъатэр кьотIысэ.

- Псори зэфIэувмэзэхащ. Зыми зы псалъэ жиIэркъым. Шассижэр щIым къытоувэ. Адэкlэ кхъэхунур тщIэркъым. Секунд зыбжанэ дэкIа иужькIэщ кхъущIгурыIуар: псэуэу дыкъелащ! Дэ ину Iэгу деуэрт. Апхуэдизу ину дэ тщыщу зыри нэхъапэм Iэгу еуауэ кхъущIэкIынтэкъым. Кхъухьлъатэм дыкъущIыкIыжьым пилотхэм ящыщ зыр кхъидэхьуэхьуащ, етIуанэу дыкъызэрагъэхуамкIэ.

Мы зэманым «Росавиацэм» кхъэхуам и щхьэусыгъуэхэр кьэхутэ.

ГОРБУНОВ Андрей.
«Комсомольская правда»

● Италие

Мазэ кьыхэдзэкIам Италием и политикхэр зэрызехьащ, иджыри абы кIэ игъуэтан хуэдэкъым. Берлускони Сильвио зи пащэ «ЩIхьэхуитныныгъэм и цIыхуб» партым щыщу правительствэм хэтхэм я ГэнатIэхэр ябгыну жаIащ, уеблэмэ министритхум я псалъэр ягъэнэжащ. Ауэ абы игъэгужьеяжьам премьер-министр Леттэ Энрико, ар парламентым кьыщыпсэльащ хэкум ифIэзымыхъэр игъэхьитIыжу.

Берлускони нэпльагъэнукъым Iуэхум апхуэдэу зыкьыхэзридзэкIыну. Арати, партым кьыдыхэтхэр зыгъэжкъуа Сильвио иджы жиIэр нэгъэщIщ: «Леттэ зи пащэ правительствэм дзыхь худощI, абы зыщIэдгъэжьхуэнущ».

Абсурдым и театрщ а псор - арац журналистхэм жаIэр.

Планэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Гум тебгъэхуэнкIэ Iэмал иIэкъым

Хуабжьу дыкъагъэуIэбжьащ 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м ЛДПР-м и Iэтащхьэ Жириновский Владимир «Поединок» теленэтыным («Россия 1» телеканалым) щыжиIаxэм.

ЖЭУАП хэльу дэтхэнэ Iуэхуми бгъэдыхьэ политикми, жылагъуэ гъжьаКIуэми кьыгурыIуэн хуейщ ди къэралыр щыIэн-щымыIэныр цIыхубэмрэ лъэпкъхэмрэ зэрызэгурыIуэм зэрелъытар. Къэрал Думэм и депутат Жириновский В. В. и псалъэхэр зэрыгъэуцугъэ тебгъахуэ хъунукъым - абыхэм кьыIэщIагъэсэтынкIэ хъунущ Москва и Манеж утым, Бирюлёвэ зэхьэлъэ, Кондопогэ, Ярославль, Урысейм и нэгъуэщI кьалэхэм кьыщыхьуэ лъэпкъ-экстремизт зэпэщIувэныгъэхэм хуэдэхэр.

Псори дыщыгъуазэщ Урысейм кавказ лъэпкъхэм ящыщу цIыху мелуани 8-м нэблагъэ зэрыщIепсуэм. Абыхэм я нэхъыбэ дыдэр хабзэм тещ, хэкум хуэщхьэпэу псэу цIыхухэщ, Арщхьэкlэ Жириновский Владимир Кавказым нэхъапэми кьытехьэщIыхьащ.

Щхьэусыгъуэ псори диIэу жьытIэ хъунущ урысей политик цIырыIуэм Нюрнберг Тринбуналым, фIы зиту ящIыхубэм щыIэн хуэмеиуэ кьаIытыта псори зэпхпхигъэкIыр:

КъэхтакIуэ Iэзэ, критик Хьэщхьуэжь Раисэ

Ильэс 80 ирикъуа адыгэ бзылъхугъэм и тхылъхэр льэпкъ Iуэху зезыхуэхэм ноби ядж

АДЫГЭ литературовед, критик, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIалэ зиIэ и лэжьакIуэ Хьэщхьуэжь Раисэ 1933 гъэм фокIадэм и 27-м Дон Iус Ростов къущалъхуащ. Курыт еджапIэр Налшык къыщиуха нэужь, КъБКъУ-м урысыбзэрэ литературэмкIэ и къудамэм щеджащ. Азербайджан хрэ университетым и аспирантурэм щIэсащ, «Русско-кабардинские литературные связи XIX - нач. XX веков» зыфIища и кандидат лэжьыгъэр 1964 гъэм абы щыпхигъэкIащ. 1964 - 1973 гъэхэм Хьэщхьуэжьыр КъБКъУ-м щылэжьащ егъэджакIуэ нэхъыбэрэ, урыс, хамэ къэралыбзэхэмкIэ кафедрэм и доценту. ИльэситкIэ Болгариеми щыщ Шумен къалэм дэт институтым щригъеджащ. А институтыр къызэрыIуахурэ ильэситху щрикъум Хьэщхьуэжь Раисэ щIыкъ тхыль къыхуагъэфащащ, а еджапIэр къызэгъэпэщыным жыдкэру зезыхэлажьыхьар къалъытэри. 1976 - 1997 гъэхэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкэр институтым и лэжьакIуэ нэхъыжьу, адыгэ литературэмкIэ абы и къудамэм и унафощIэм и къэхутэныгъэ щытащ. 1986 гъэм «Адыгские просветители второй половины XIX - нач. XX вв.» лэжьыгъэмкIэ и доктор диссертацэр пхигъэкIащ. 1996 гъэм «КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыкъ зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ. 1995 гъэм УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьащ.

XIX лЭщIыгъуэм и кIэуххэм XX и пэщIэдзэхэм псэуа адыгэ тхакIуэ-узэщIакIуэхэм къащIэна, льэпкъ литературэм щыщу тхыдэм хэмыхьа тхытхэхэр кэхутэным, къэгъэлъагъэпIуэным, ахэр къыдэгъэкIыным елэжь школ къызэригъэпэщащ абы. 70 гъэхэм я пэщIэдзэм Хьэщхьуэжь Раисэ къыдигъэкIыу щIидзащ «Литературные памятники» сернер. Абы хьыхьащ езым и къэхутэныгъэ нэхъыбэрэхэр, узэщIакIуэхэм я литературнэ щIэныгъэр, абыхэм ятеуауа пэублэ псалъэхэр, тхыгъэ гъэнэхуахэр щIыгъуажьэ.

Зи гугъу тщIы Iыхьэм и япэ къыдэкIыгъуэм хигъахьащ «Кази Атажукин. Избранные труды» (1971; 1991 гъэ) лэжьыгъэр. Уэрэсей щIакIуэм и гуащIэр зыубгъуауэ абы щызэпкърихащ, и гъащIэм щыщу нэхъапэм щIыхьэр зыщымыгъуэза напэкIуэщI щхьэхуэхэр къыщихутащ. Лэжьыгъэм къыхощ ХьэтIохъущокъуэ Къазий япэ адыгэ альфбейр зэрызэхилъхьар, япэ адыгэ тхылъхэр и Iэдакъэ къызэрыщIэкIар, зэдзэкIа-кIуэу, публицисту, IуэрыIуатэджу зэрыщар.

Адыгэ тхыдэдж икIи тхакIуэ Хьан-Джэрий и гуащIэрщ зытриухуар «Хан-Гирей. Избранные произведения» (1974; 1989) лэжьыгъэр.

Адыгэ литературэмрэ журналистикэмрэ хэлъхьэныгъэфI хуищIащ тхакIуэ зэчинфIэ, «Терские ведомости» газетым и япэ редактор КIэш Дзэдджэрий. Абы и гъащIэрщ Хьэщхьуэжьым и «Адыль-Гирей Кешев. Избранные произведения» (1976; 1988) тхылъым къыщыдалъэтыгъуар.

Тамбий Пагуэ льэпкъ щэнхабзэм и тхыдэм IуэрыIуатэдж Iэзэу хыхьащ, адыгэ азбукэр и Iэдакъэ къыщIэкIащ. «Паго Тамбиев. Избранные труды» (1984 гъэ) тхылъым зыубгъуауэ Раисэ щызэпкърихащ узэщIакIуэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ.

«Деятели адыгской культуры дооктябрьского периода. Избранное» (1991 гъэ) антологием Раисэ хигъахьащ Хьэжмыкъуэ Темтэч, Щэрдан Батырбэч, Долэт-Джэрий СультIан, нэгъуэщIхэми я гуащIэм щыщу нэхъапэм зыщымыгъуэзауэ къхэхутахэр, мы-хьэнэшхуэ абыхэм зэраIэр къилъытэурэ.

«Кази-Бек Ахметуков. Избранные произведения» (1993 гъэ) тхылъыр дунейм къытехыа нэужь, тхакIуэм и тхыгъэхэу нэхъапэм тхылъыдекIэхэм Iэрамыгъэхьахэр хэIущIыIу хъуащ. Хьэщхьуэжьым лэжьыгъэм хуитха псалъэм тхакIуэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ гульытэ щыхуищIащ, и тхыгъэхэри щыIэпкърихащ.

«Кавказский литературно-исторический Олимп» (КЛИО; Налшык: «Эль-Фа») тхылъ тедзапIэ серием хэту кьыдэкIа «Себерби Сиюхов. Избранное» (1997 гъэ) тхылъым хигъахьащ узэщIакIуэм и тхыгъэу нэхъапэIуэкIэ дунейм къытехьахэр, и унагъуэм щахьума Iэрытхэр. Сихъуэ и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ укIэлъыплъэ, ар публицист, тыдэдж, этногроф, IуэрыIуатэдж, литератор Iэзэу зэрыщытар гурыIуэгъуэ щIохъу.

Хьэщхьуэжь Раисэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Адыгские просветители второй половины XIX - нач. XX вв.» (1983 гъэ), «Адыгские просветители XIX - нач. XX вв.» (1993 гъэ) монографиехэр. Адыгэ узэщIакIуэхэм ятеуауэ и лэжьыгъэхэр кьызэщIикъуэжри, нужьрейуэ кьыдигъэкIащ «Поиски и находки» (2000 гъэ) тхылъ хьэлэмэтыр. Абы хагъэхьащ ХьэтIохъущокъуэ Къазий, ХьанДжэрий, КIэш Дзэ-Джэрий, Инат Кърым-Джэрий, Тамбий Пагуэ, Щэрдан Батырбэч, Хьэжмыкъуэ Темтэч, Долэт-Джэрий СультIан, Ахьмэтыкъуэ Къазий-Бэч, Сихъуэ Сэфарбий я гуащIэм, политикэ, жылагъуэ, литературнэ, творческэ гъащIэм теухуауэ Хьэщхьуэжь Раисэ итха статьяхэр, узэщIакIуэхэм я щIэнинхэм теухуауэ щыIэ Iуэху зэIумыбзэкмрэ упщIэ щхьэхуэхэмрэ.

Адыгэ цIыхубзхэм я гъащIэм, щыIэкIэ-псэукIэм теухуа «Черкешенки в истории» (1997 гъэ) тхылъри Хьэщхьуэжь Раисэ и Iэдакъэм хьыщIэкIащ. Урыс, хамэ къэрал литературэхэм я лэжьыгъэм хуэфащэ увыпIэ щауфащ. Псом хуэмыдэу гульытэ зыхуащIар Раисэ къыщыхута, франдзы литературэм и классик хуэа Аиссе (ХьэIишэт) и гъащIэрщ.

ЩАКIУЭ Марьянэ.

Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым

Адыгэ льэпкъыр зэрыгушхуэ узэщIакIуэхэм я гъащIэмрэ я гуащIэмрэ теухуа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкIахэм ящыщщ Коевен Марк, Кокиев Георгий, Турчанинов Георгий, Кьумыкъу Тыгъуэн, Хъупсырокъуэ Хьызыр, Тресков Илья, ХьэкIуащэ Андрей, Нало Заур, нэгъуэщIхэри. Адыгэ узэщIакIуэхэр кьыдэхьыжыным си щIэ кьытIуа дэтхэнэми хэтъхьэныгъэфI хунщIащ.

УЭЗЩIАКIУЭХЭМ ятеуауэ дунейм кьытехьа кьхэутэныгъэхэр IыхьитalmI бгуэш хъунущ: Хьэщхьуэжь Раисэ и лэжьыгъэхэр итхын и пэIэрэ, ахэр дунейм кьытехьа нужькIэ.

КьыжьыIапхъэщ, Хьэщхьуэжь Раисэ узэщIакIуэхэм я гъащIэмрэ я гуащIэмрэ идкьын и пэ абыхэм ятеуха лэжьыгъэ зыбжанэ дунейм кьызэрытехьар. Ауэ, узэщIакIуэхэм ятеуауэ Хьэщхьуэжьым къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр иригъэкIуэна нэужь, пщIокъыр зыщымыгъуэза щIэнинхэм кьатхъэжащ.

Дауи, апхуэдэ лэжьыгъэхэр нэхъапэми ирагъэкIуэкIащ, ауэ адыгэ узэщIакIуэхэм ящыщу льэпкъым и цIыкIуэр зыщыкIуэзэр Iэгъэмрэ Щоорэ и тхыгъэ мащIэ дунейм кьытехьахэрт.

XIX - XX лЭщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм псэуа адрей узэщIакIуэхэм я тхыгъэхэм щIэджыкIакIуэхэр щыгъуазэххэу щыгъакъым. Зэгъэрым Мейкьуанэ Хьан-Джэрий СультIан и тхылъ кьыщыдагъэкIыну мурад ящIат, арщхьэкIэ узэщIакIуэм кьытраТхъуа пцIым и зэранкIэ и лэжьыгъэр дунейм кьытехьакъым...

Хьэщхьуэжь Раисэ 1971 гъэм пщы ХьэтIохъущокъуэ Къазий и тхыгъэ кьыхэхахэр япэу кьыдигъэкIащ, и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ ятеуха псэ-пыIуэ тхыгъэ щIыгъуу. Абы иужькIэ Хьэщхьуэжьым Хьан-Джэрий, Кlэш Адэ-Джэрий, Ахьмэтыкъуэ Къазий-Бэч, Тамбий Пагуэ, Сихъу Сэфарбий сымэ ятриуха тхыгъэхэр и Iэдакъэ къыщIэкIащ. КьищынэмыщIауэ, тхакIуэ-узэщIакIуэ зыбжанэм я тхыгъэ кьыхэхахэр зэхуэдэхьауэ кьыдигъэкIащ. Абы хигъэхьащ Къаз-Джэрий СультIан, Адэл-Джэрий, Кьэшэж Пталиб, нэгъуэщIхэми я лэжьыгъэхэр. Ахэр льэпкъ щэнхабзэм и дыщэ фондым хьыкащ, кьахутэныгъэ лэжьыгъэ езыгъэкIуэкI щыху щхьэхуэхэмрэ щIэджыкIакIуэхэмрэ я дэIепыкъуэгъуэ. Хьэщхьуэжь Раисэ Москва, Ленинград, Тбилиси, нэгъуэщI къалэ зыбжанэм я библиотекэхэмрэ дэфтэр хьумапIэхэмрэ куэдрэ щыгъэкащ а тхыгъэхэр кьыдигъэкIын папщIэ.

ИригъэкIуэкIащ кьхэутэныгъэ лэжьыгъэхэри Хьэщхьуэжьым. Абы нэгъуэщI тхакIуэхэм еIуэ кьалытэ тхыгъэхэр зи Iэдакъэ кьыщIэкIахэр кьихутащ, псевдоним зезыхьэ тхакIуэхэм я цIэхэр кьыщIигъэщащ. Псом хуэмыдэу кьыщIэгъэщIхъащ, Ахьмэтыкъуэ-Хьэжьылъащэ и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ кьызэрихутар.

ЦIыху кьэс хьэл зырыз яIащ. Языныкъуэхэр цIыхухэм, жылагъуэм фIыуэ хозагъэ. ЩIыIащ зыхэт цIыхухэм тыншу адекIуэкIыфхэр, абы и лъэныкъуэкIэ гугъу ехьхэр. ЦIыхум худиIэ щытыкIэр зыкъомкIэ елытащ абы и хьэл-щэн, дуней тетыкIэм. Ауэ аракъым нэхъыщхьэр. ЦIыхур кьыдэрылытэн хуейр зэфIигъэкIа лэжьыгъэм льэпкъым дежкIэ иIэ мыхьэнэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

ГЪУТ Iэдэм,
филологие щIэныгъэхэм я доктор.

Езыр абыхэм ящыщ зыт

Хьэщхъуэжь Раисэ ди университетым щыщылъ-жьа литературнэ щIыпхъэ щIыIащ ижь лъэхъэнэм щыщIэдзауэ XVIII лЭщIыгъуэр и кIэм нэблэгъауэ зэщIэста франджы революцэм нэс кьызэщIэзыубыдэ дунейпсо литературэр студентхэм егъэджкIыну. Гомерро Вольтерро я зэхуакум лЭщIыгъуэ 25-рэ дэльщ. А зэманым хьриубыдэу мащIэрэ зихъуэжа дунейм! ПщIэрэ щIыхьрэ кьадэгъэуэгурыкIуэу, дзиэ льэныкъуэкIи кьыщыщIыхьуу къэкIуэкIа льэпкъыжь куэдым я бжьыгъэр зэ йокI, я дыгъэр къуохьэрэ, я Iуэхур ухьэуIу кьыщIедзыж; тIэкIу-тIэкIуурэ ахэр щугъунэ ящIу кьэгъуэгурыкIуэ льэпкъхэм яхсэзрыхьыж; абы кьыдэкIуэу щыIуэн-щымыIэуи ящIэхъуэ щымыта нэгъуэщI льэпкъ гуэрхэр утыкушхуэ кьохъ; тепщэгъуэр зыубыдар хущIокъу щIэрыщIэжу дунейр зыкIэщIхъэ ищIыну, щIэрэ мылъкуу щыIэр езым зрилъэфэIпну.

ГъащIэм зэрызихъуэжьым елытауэ, льэпкъхэм я псэукIэми, абыхэм яIурылъ бзэми, цIыхухэм я зэхуцIыкIыми, абы я дуней лъагъуэкIэми кьыщыхьу Iуэхугъуэхэр щекIуэкIыр тхылъм и псыхъуэ абрагъуэрщ; а псыхъуэм гъуджэ пжу, Iейри фIыри, хужьри фIыцIэри Iупщ1у кьызэрыщыщ кьыщхъыщIыгъуэ дунейпсо литературэ хъужьыр.

Мис а дуней тельыджэр псом япэу студентхэм кьахуIэзIуэзыхьар сгъэзажкIуэрщ, абы и псалъэхэри гуныи-нэзи зимыIэ а «тенджызым» щылэгъуэлэм кьаблэмэ (компас) щахуохьу.

Дауи, тыншгъэкъым Хьэщхьуэжьыр зыпэрыва IэнатIэр. Ауэ абы пэлъэщащ щIэныгъэ куу зиIэ щIыхубз щIалэр, и щIэныгъэмрэ и Iэзагъэмрэ зэрыхигъэхьуэным ерыщу пылъти. ИкIи, гуманитар институтым щыкIуэжам, кьхэутэныгъэ зыщ-жьыгъэщхъуэхэм зрипщылтыну ар сыткIи хуэхьэзырт.

Еджагъэщхуэ нэс, кьхэутакIуэ щыпкъэ щIыкIэпщ хъуи и Iыхьэ абы хилъхьащ революцэм и пэкIэ псэуа, кьызыхкIа льэпкъым щIэныгъэ егъэгъуэтыным, ар зыужьыныгъэ тэмэмым хуэщэным псэемыблэжу хуэлэжьа адыгэ гупсысакIуэ-узэщIакIуэ гупыщхуэм я Iэдакъэщ1кI тхыгъэхэр кьэуГъуеин, ахэр зэрахуэфащэкIэ джын, щIэрыщIэу кьыдэгъэкIыжьын Iуэхуэхэм пыщIа лэжьыгъэхэм.

Апхуэдэу, Хьэщхъуэжьыр кьуваш «Писатели Кабардино-Балкарии» (2003) библиографие псалъалъэ щхьэпэ дыдэр зэхэзыгъэува гупым я лэжьыгъэр еIуэу зыунэтIыфI пашэ гъуэзэдэжу.

Iуэху куэдыщэ хуэзэрихьэрэ, зэкIэ зримыгъэтIылъэкIыну махъхуу, ауэ, Iэмал зэригъэутыххэу, тригъэзэжу, сыт щыгъуи игу нэхь хуэгъуу Хьэщхъуэжьым иIэт зы темэ - зи Iуэхь махуэкIэ тхыдэм хьыха адыгэ щIыхубзхэм я хьыбар гуузыр...

Бетэмал, Рае зэригугъа дыдэм хуэдэу, игу хуэзагъэу иджыри нэтхъса хъуатэкъым а тхылъыр («Черкешенки в истории», Н., 1997); итIани жьIэнхъэщ: абы кьехьуIащ, тхылъедджми нэхь гукъинэж щыхъуащ Шарлотт-тъхъIишэт (Аиссе) теухуа Iыхьэр.

Еджагъэшхуэ гуащIафIэм, кьхэутакIуэ емызэщIыжьым кьызэпича гъэуэгуанэ щыгъуиплъэжкIэ, абы хуэзафIэкIам ущегупсыскIэ, мыпхуэдэу унугу къэкI: «Пэжыр жыпIэнумэ, ар езыри абыхэм, зи акъыл нэхъ-рэ IуэхущIафэ дахэкIэ тхыдэм хьыха адыгэ цIыхубз тельыджэжэм, ящыщ щIэныгъэ.

КЪЭЖЭР Хьэмид,
тхакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я кандидат.

Сыт щыгъуи

Хьэщхьуэжь Раисэ республикэм исхэм кьацIыхуащ адыгэ узэщIакIуэхэм ятеуауэ я литературнэ щIэныгъэныгъэхэмкIэ. Хьэщхьуэжьыр а Iуэхум дихьэкащ КъБКъУ-р кьэзыуха гупым я гъусэу 1958 гъэм Азербайджан кьэрал университетым щыщеджа илъэсхэм.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ а зэманым итa еджапIэ нэхъыщхьэ закьуэр (КъБКъУ-р) филологхэм хуэныкъуэ. Литературэм хуеджэ адыгэ лингвистхэр (Хьэщхьуэжь Раиси яхэту) щIэныгъэлI цIэрыIуэ, литературовед, тхакIуэ, критик Хандан Джафар и унафэм щIэту кандидат лэжьыгъэр ятхын щIадзащ. Раисэ и кандидат лэжьыгъэр теухуат адыгэхэмрэ урысхэмрэ я литературэ зэпыщIэныгъэхэм.

Раисэ Азербайджанми и щэнхабзэ кьулеймрэ иджыреи гъуазджэмрэ хуабжьу ятхьэхьуащ. Азербайджаным и щIэныгъэлIэр Раисэ езыгъэщIыхуар аспирантурэм и унафэщI Аджиев Абдурэхьманщ. Дагъыстэным и жылагъуэ лэжьакIуэмрэ нэмыщI бзылъхугъэмрэ я кьуэ, Германием щIэныгъэ щIыщIэныгъуэта щIалэм и адакъэ хэкур фIыуэ зэрилъэгъуам кьыхэкIыу Баку кьэнат. Аджиев Абдурэхьман щхьэгъусэ хуэхьуар адыгэ узэщIакIуэ Тамбий Пагуэ и кьуэрылъхугъ. Тамбий Пагуэ и лэжьыгъэм теухуахэр Хьэщхьуэжьым япэу кьыхуэзыIутари Аджиевращ. ИужькIэ Раисэ и щIэныгъэ лэжьыгъэхэм ящыщ зыр а адыгэ узэщIакIуэм триухуащ.

Азербайджаным и гъуазджэм Раисэ хэзышар и щхьэгъусэ, Баку и консерваторэм и студент Уэсмэн Нихьэтщ. Нихьэт узэрэщIакIуэ куэд иригъэщIхуащ и щхьэгъусэм. Абыхэм ящыщщ Бейбутов Рашид, Алекперов Шевкет, нэгъуэщIхэри. Мы Iуэхугъуэр сщыгъупщэжыркъым. Зэгъэрым азербайджан усакIуэ цIэрыIуэм и псалъэхэм макъамэ щIилъхьэну Нихьэт кьелъэIуат. Композитор Iэзэм ар зэ тIыскIуэкIэ кьеХьулIащ. А балладэр радиомкIэ кьатхьэуэгъэкIуэ кьхэутэныгъэ лэжьыгъэм Мургишвили кьыхуагъэлъэгъуащ, зыгъэхьэзыр лей хэмыту занщIэу ебгъэтх зэрэрыхьунур кьалытэрэ. А махуэ дыдэм Баку техуэа балладэр радиомкIэ кьатащ.

Хьэщхьуэжь Раисэ артист, тхакIуэ, композитор цIэрыIуэ куэд Баку ныбжьыгъэ кьыщыхуэзыгъащ. Нихьэт кьригъэщIыхуахэм ящыщщ тырку усакIуэ Хьикмэт Назыми. А усакIуэм и тхыгъэм Нихьэт симфониеу псоми уэхитащ, тырку цIыхубз макъамэхэр кьигъэсебэпуэрэ. Раисэ мызэ-мытIэу кьиIуэтэжу срихьэлIащ Совет лъэхъэнэм СССР-м и льэпкъхэм яку зэныбжьэгъуГъэ куу зэрэдэлъар, азербайджан щIэныгъэлIхэм автономнэ республикэхэр зыхуеину лэжьакIуэхэр егупуу зэрэгъэхьэзыпар, льэпкъ зэхуэмыдэхэм ящыщу аспирантурэм щызэдеджахэр зэдэлъхъуэзэшыпхъум хуэдэу зэрыльитэу зыхьэрекIуэкIар.

Кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIа нэужь Хьэщхьуэжь Раисэ КъБКъУ-м хамэ къэрал литературэмкIэ и кафедрэм лэжьэн щыщIидзащ. АрщхьэкIэ ар дэзыхьэхыр XIX лЭщIыгъуэм псэуа адыгэ узэщIакIуэхэм кьащIэна литературэ тхыгъэхэрт. Раисэ и псэм нэхъ пэгъунэгъу къэхутэныгъэ лэжьыгъэм Хьэщхьуэжьым, егъэджэныгъэ Iуэхум кьызыкIыжьу». Хьэщхьуэжьым адыгэ узэщIакIуэхэм ятеуауэ кьытригъэдзащ тхыгъэхэр КПСС-м и обкомым и кIэлсекретарь Мэлбахьуэ Тимборэ щилъагъум, щIэныгъэлжьакIуэ ныбжьыщIэм кьаIащ щищащ Москварэ Ленингрэдрэ кIуэуэ абыхэм я тхыгъэхэм суэрэт трихьну. Абы и мызакъуэу, кьалэ зэхуэмыдэхэм я архивхэр щIипщIыкIын хуей хьуащ.

Хьэщхьуэжьыр литературэ фэеплъхэмрэ ахэр зи Iэдакъэ кьыщIэкIахэмрэ кьхэутэныгъэ дихьэхыпа нэужь, Гуманитар кьхэутэныгъэ лэжьыгъэхэм Къэбэрдей-Балъкэр институтым лэжьапIэ увыну быдзу мурад ищIащ. Ауэ ар кьыщIехьулIар Болгариеми ильэситкIэ щылажьэу республикэм кьигъэзэжа нэужьщ. Институтым IуэрыIуатэмрэ литературэмкIэ и кьудамэм кьащтащ. Илъэс дэкIыу и доктор лэжьыгъэр 1986 гъэм пхигъэкIа нэужь, кьудамэм и унафэщI кьалэныр кьыхуагъэфэщащ.

Хьэщхьуэжь Раисэ льэпкъ литературэхэм ятеуха союзэпсо, урысейпсо, дунейпсо щIэныгъэ-практикэ конференцэм мызэ-мытIэу хэтащ. Литературэр зыхильхьа щымыIэу фIыуэ зыльагъу бзылъхугъэм и кьуэ Эдуардри абы щылажьэхащ. И щалэр Шумен дэт институтым болгарыбзэмрэ литературэмкIэ и кьудамэм щеджащ. «М. Горький на сцене болгарского театра» темэмкIэ Эдуард и диплом лэжьыгъэр итхащ, и анэ Раисэ и унафэм щIэту. ИужькIэ «Радевский Пэнчо и советская литература» темэмкIэ и кандидат лэжьыгъэр Софие университетым щыпхигъэкIащ.

Болгариеми егъэджэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэрыщIэратыр щыт щыгъуи Раисэ игу кьиригъэкIыжьыт, егъэджакIуэхэр хамэ къэралхэм ильэс кьэс ягъэкIуэрэ я щIэныгъэм храгъэгъахьэуэу зэрыщытар игъэщIагъуэрт. Абы игу кьеуэрт КъБКъУ-м щылажьэхэм апхуэдэ Iэмал зэрамыIэр. Раисэ зэрыжиIэмкIэ, Болгариеми и студентхэр щIэныгъэм хуэпабгьэрт, диплом зыIэрагъэхьэн кьудей щхьэкIэ еджапIэ нэхъыщIхьэ щIэтIысхьэрэтхьым, егъэджакIуэм щIэныгъэ нэхъыбэ кьыхуэзыпхуэнымк хущIэкъуэ апхуэдэт.

АППАЕВЭ Жаухьар.

ЩIэныгъэм и гъуэгукIэ

АПХУЭДЭ жьарыIуэтэ творчествэ кьулей зыбгъэдэль льэпкъ узынщэм, гуавщIэхамк, и художественнэ литературэ кьамыкуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Ики кьэуэнэхуащ. Апхуэдэ льабжьэфIым зыкъыщIидэту хуежьащ ди цIыкIу пэрытхэм, ятпэу щIэныгъэ зыгъэуэтахэм кьагъэщI художественнэ тхыгъэ гъуэзэджэхэм. Ахэр нэхъ уэру, я мызэ-мытIэ, я зэфIэкIкIэ гу зылъыуагъатэу утыку кьиихэ щыхъуар лIэщIыгъуэ кIуам и зэхуэдитIхэм ирихьэлIэуащ.

Мис а лъэхъэнэ дыдэрщ къищтар тхыдэмкIэ, филологиемкIэ, экономикэмкIэ Къэбэрдей-Балъкэр щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтым и щIэныгъэрылажьэ Хьэщхьуэжь Рае и доктор диссертацэм яужь щихьам. «XIX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэ нэкIуэмрэ XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэмрэ щыIа щIэныгъэлIхэр» - арат кьыхтэну зызэрипщIар.

А унэтIныныгъэр кьищтэри, дзиуГъэ гъуанэр дихьа кьимыгъанэу, кьытIэщIащ, щIэныгъэр и льабжьэу дэтхэнэ зы Iыхьэри щхьэхуэ-щхьэхуэу зэпкърихащ, дымыщIэ куэдым щыгъуазэ дищIащ. Тынштэкъым абы уелэжьныр. Сыт щхьэкIэ жьIэмэ, куэд щIатэкъым а лъэхъэнэм щыIа адыгэ щIэныгъэлIхэм ятеуауэу зыгуэр жаIэ, ятх зэрыхъуэр. Хьэщхьуэжьым и пэжыгъэм пщIэ хуащIу тепсэльыхьахэми къызэрагъэльэгъуащи, а зэманым лэжьа щIэныгъэлI щыпкъэхэр къызэрырадзэ щIагъуи щымыIэу, пщIэшхуи хуамыщIурэ зэхуэдогъаз.

ХЬЭХ Сэфарбий,
тхакIуэ.

Октябрь социалистическэ революцэм и пэ кьиихуэ лъэхъэнэм щIэныгъэ зиIа адыгэ зырыхэзм я публицистикэ, литературэ кьамыкуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Ики кьэуэнэхуащ. Апхуэдэ льабжьэфIым зыкъыщIидэту хуежьащ ди цIыкIу пэрытхэм, ятпэу щIэныгъэ зыгъэуэтахэм я щIэныгъэ хуэдиIэу, дызэкъуэту, дызэкъуэтуу, дызэкъуэтуу щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтым и щIэныгъэрылажьэ Хьэщхьуэжь Рае и доктор диссертацэм яужь щихьам. «XIX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэ нэкIуэмрэ XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэмрэ щыIа щIэныгъэлIхэр» - арат кьыхтэну зызэрипщIар.

А унэтIныныгъэр кьищтэри, дзиуГъэ гъуанэр дихьа кьимыгъанэу, кьытIэщIащ, щIэныгъэр и льабжьэу дэтхэнэ зы Iыхьэри щхьэхуэ-щхьэхуэу зэпкърихащ, дымыщIэ куэдым щыгъуазэ дищIащ. Тынштэкъым абы уелэжьныр. Сыт щхьэкIэ жьIэмэ, куэд щIатэкъым а лъэхъэнэм щыIа адыгэ щIэныгъэлIхэм ятеуауэу зыгуэр жаIэ, ятх зэрыхъуэр. Хьэщхьуэжьым и пэжыгъэм пщIэ хуащIу тепсэльыхьахэми къызэрагъэльэгъуащи, а зэманым лэжьа щIэныгъэлI щыпкъэхэр къызэрырадзэ щIагъуи щымыIэу, пщIэшхуи хуамыщIурэ зэхуэдогъаз.

ХЬЭХ Сэфарбий,
тхакIуэ.

ПцIым и бий, захуагъэм и телъхьэ

Хьэщхъуэжь Раисэ и къарури и гъащIэри щIэныгъэм триухуащ. Псэужьамэ, ар иджы ильэс пщIей хьунут.

ИльэсипщIым щIигъукIэ Хьэщхъуэжь Раисэ Гуманитар кьхэутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкэр институтым и кьудамэм и унафэщIу лэжьащ. А зэманыр сэркIи а кьудамэм и нэгъуэщI лэжьакIуэ куэдым я дежкIи гукъинэж хьуащ. Щхьэж зыпэрыт Iэнатlэм гудзакъэ худиIэу, ар зэредгъэфIекIуэным дыхущIэкъуэу, пщIэр нэмысрэ зэхуэтащIу, дызэкъуэтуу дызэдэлэжьащ.

Хьэщхъуэжь Раисэ кьыхилъхьэу «Писатели Кабардино-Балкарии» библиографие псалъалъэр зэрыдгъэхьэзырари нобэ хуэдэу сощIэж. Абы и фIыщIэ а тхылъыр дунейм кьызэрытехьар.

Ди унафэщIым гъэжьыгъэхэм дытехьэлеикIыну кьыхуидэртэкъым. Ди лэжьыгъэр гъэрыгъуэрэ хэпльэжьырт, щыуагъэхэр зэригъэзэхуэжьырт. Егъэленныгъэ хэмылъу жьысIэнщи, дэтхэнэми ди лэжьыгъэр пщIэнейрэ кьипщIытэрт, псалъалъэм зы щыуагъи имыгъэкIуэн папщIэ.

Раисэ сыт щыгъуи захуагъэм и телъхьэт. Езыми и лэжьакIуэхэми пцIы якIэрылъхьэу кьыпхуидэнутэкъым. Пэжыр наIуэ кьэхъуэу емызэщу абы Iуэхур зэкIуэжьынут.

Раисэ фIыуэ илъагъу Iэщ1агъэм псэемыблэжу ильэс 40-м щIигъукIэ пэрытащ. Тхылъ пщIы бжьыгъэхэр, статьяи щ бжьыгъэхэр Хьэщхъуэжьым и Iэдакъэ кьыщIэкIащ. А лэжьыгъэхэр адыгэ литературэм и дыщэ фондым хьыхьащ. Хьэщхъуэжь Раисэ фIыуэ илъагъу щыта усакIуэ щIэрыщIэ Саадэ и псалъэхэмкIэ мы тхылъэр зэхуэзощIыж: «ПэжыкIуэ кьызыщIэмыта щIэныгъэлIыр пхъэщхьэмыщIхъэ кьызыпимыкIэ жьыгым хуэдэщ».

АЛЪХЪЭС Светланэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ТЕКIУЖЬ Заретэщ.

Адыгэ цIыхубэ уэрэдыжьхэм я пшыхь

● Щэнхабзэ

Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм и щэкIуэгъум и 8-м щекIуэкIащ цIыхубэ уэрэдхэм я фестиваль-зэпеуэ, адыгэ уэрэдыжьхэм хуэIэкIуэлъакIуэу щыта, Iуэрыуатэдж, КъБР-м и цIыхубэ артист, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къардэнгъущ Зырамыку и фешльу. Зэхыхьэр кIыхьригъэпIащ КъБР-м ЩIэнхабзэмкIэ и министерствэм УФ-м ЩIэнхабзэмкIэ и министерствэр и дэIэпыкъуэгъуу.

НАЛШЫК и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм и яп э къатым дапхъэ щагъэуват Къардэнгъущ Зырамыку кIыдигъэкIа тхылъхэр, нарт хьыбархэр, псальэжьхэр, жьIэгъуэхэр, уэрэдыжьхэр, пшынальэхэр зэрытхэр, иужьрейхэр щызэхуэхьэса дискхэр, Зырамыку и унагъэм, и лэжьэгъуэхэм, ныбжьэгъуэхэм щIыгъуу траха сурэтхэр щызэхуэхьэсаущ.

Пшыхьыр ирагъэкIуэкIащ Щоджэнщ!ыкIу Алий и цIэр зезыхъэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ КIэхумахуэ ФатIимэрэ КъБР-м и цIыхубэ артист Къуныжь Алимрэ. Абыхэм зэхуэсахэм ягу къагъэкIыжащ адыгэ лъэпкъым и джэгуакIуэ нэс, Iуэрыуатэр зэхуэхьэсыжыным хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа Къардэнгъущ Зырамыку цIыху тельыджэу, адэжь щIыналъэ фIыуэ ильагъуу, абы ис гуащIэрыпсэухэм пщIэшхуэ яхущIу зэрыщытар.

Къардэнгъущ Зырамыку и лъагъуэм ирикIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Щомахуэ Хьэсэнбий зэIущIэр къызэIуихащ куэдым ягу дыхьа «Чэлам и гъыбзэ» уэрэдымкIэ.

Мы пшыхьым хэтащ районхэм щекIуэкIа зэпеуэхэм щытекIуахэмрэ къраг ъэбгъэгъахэмрэ. Абыхэм ягъэзэщIащ Къардэнгъущ Зырамыку хуэдэ щIэныгъэлIхэм я фIыгъэкIэ ди дежь къэса адыгэ цIыхубэ уэрэдыжьхэр. Лъэпкъым дежкIэ махьэнэшхуэ зиIэ, адыгэм кIыкIэ гъэуэгуанэр къызыхэщ а уэрэдыжьхэм уедэIуэну куэд и уасэт. Уэрэдхэмрэ пшынальэхэмрэ щыхьэт техьэрт фIыр ем зэрытекIуэм, лъэпкым бэлыхь куэд зэришэчам, зи цIэр жьжьэ Iуа лIыхъжь щхьэмыгъаззэхэр адыгэм зэрикуэдам. Къэбгъэлъагъуэмэ, апхуэдэхэт куэдым фIыуэ ильэгъуа «Нэсрэн ЖьакIэ», «Бэдынокъуэ», «Нартыжь уэрэд», «Уэзы Мурат», «Лашын и уэрэд», «Нэхущ удж», «Си къуэш, си пщафIэ», «Iуащхьэмахуэ», «Гуащэгъагъ», «Iэдиихуэ», «Iэлъын цIыкIу», «Истамбыл», нэгъэущI уэрэдэхэр. Зи ныбжьыр илъэс 70-м щхьэдэха нэхьыжьхэуэ Лэскэн район иц Локъуэ Хьэмидбий, Шагьыр Мулид, Бажэ Угъурлы сымэ, тхакIуэ, джэуакIуэ Iэзэ ХьэхъупащIэ Амырхъан и къуэрылъху, шыкIэпшынауэ Iэзэ Хьэхъупащ!э Амырхъан, БатИтIэ Мухьэмэд, ШэруИслъам, Гуаэз Тимур, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым и хорыр пшыхьым и хьэщIащ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Фыро Руслан** фестивалым хтахэм фIыщIэ яхущIащ адыгэ лъэпкъ уэрэдыжьхэр зэрахъуэмэ, щIэблэмэи аужьрейуэ зэрырагъащIэм папщIэ икIи я министерствэм кIыбгъэджкI щIыхь тхылъыр, Къардэнгъущ Зырамыку зэхуихьэсыжа адыгэ уэрэдыжьхэмрэ пшынальэхэмрэ зэрыт тхылъхэмрэ ахэр зытет дискхэмрэ тыгъэ яхуищIащ.

Къуныжь Алим фестивалым хэтахэмрэ абы кърихьэлIахэмрэ кIыхьуриджащ лъэпкым и псэр, и блэкIар зыхэль уэрэдыжьхэр яхъуэмэну.

Республикэм и щэнхабзэм зезыгъэужь мыпхуэдэ зэхьэхьэм цIыхухэр зэрыхуэныкъуэм и нэщэнэщ пшыхьым куэд кIыхьэрекIуэлIар. Нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри зыхэта щэнхабзэ фестивалым куэдым «я псыхуэлIэр» иригъэкIащ. А бынхэм Iэгуаузэшхуэ хуаIэтащ фестивалым хэта псоми зэдгъэзэщIа «Сэнджелей» уэрэдым. Пшыхьым иджыри зэ наIуэ ищIащ анэдэлъхубзэкIэ сабийр зыщIагъэдэIу гущэкъуэ уэрэдхэр, нарт хьыбархэмрэ пшынальэхэмрэ щIэблэм гъэсэныгъэ дахэ етыныкIэ, ахэр тхыдэм щIэпIыкIыныкIэ зэрыщхьэпэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **КАЮДИН Евгений** *трихащ.*

IэщIагъэлIхэмкIэ къызэрагъэпэщ

● Узыншагъэ

«Къуажэ дохутыр» федеральнэ программэр гъэзэщIэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щапхъэфIэр къегъэтъагъуэ. Апхуэдэу а Iуэхум хуэхаха ахъшэхэр яIэрыхьащ къуажэхэм щылэжьынымрэ щыIэщ дохутыр ныбжьыщIэхэм. Дохутыр-мелуанырыбжэхэр яIэщ Iуащхьэмахуэ районым хьыхь эльбрус къуажэмк.

2012 гъэм УФ-м и Президентым кIыхилъхьауэ щыта «Къуажэ дохутыр» программэр хуэунэтIат IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр къуажэхэм пэжьапIэ IэнатэкIэ кIыщIэзгъэпэщыным. IэщIагъэлIхэмкIэ нэсу кIыхьэгъэпэща хъуртэкъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэ пхыдзахэр. Абы кIыхьэкIыу КъБР-м и Iэтащхьэм республикэм Узыншагъэр хъумэныгъэ курортхэмкIэ и министерствэм пщэрыпъ щищIауэ щытащ а программэм жыджэру хэтыну. Мы зэманым зи ныбжьыр илъэс 55-м нэмыса дохутыру 136-рэ къуажэ амбулаторэхэмрэ участкэ сымаджэщхэмрэ щолажьэ, абыхэм ящыщ дэутхэнэми я псэупIэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ федеральнэ бюджетым кIыхэкIыу сом мелуанрэ республикэ мылъкум щыщу сом мини 100-рэ яIэрыхьащ.

Эльбрус къуажэм дэт сымаджэщым нэгъабэ гъэжьэн щыщIидзащЕфэнды Сабинэ. Кърата ахъшэр зытрагъкIуэдэнур гурыIуэгъуэ хъуащ унагъуэм сабий къаэхъуа иужь. «Си щхьэгъусэмрэ сэрэ дэ ехьэм ди унэ диIэжькъым. Адэ-анэм я гъусэу дыпсэууэ аращ. Иджы дэ Iэмал диIэ хъуащ ди унэ зэдгъэпэщыну», - жеIэ Сабинэ.

Тыныкуэ къалэм щыщ Тебердиевэ Зайнаб интернатуэр нэужьым къуажэм щылэжьэну и мурадт. Абы щыгъажэ Iущыгъэ къуажэхэм щылажьэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр дэIыгъын программэр къыхалъхьатэкъым. Гъунэгъу къуажэм дэт сымаджэщыр IэщIагъэлIхэм зэрыхуэныкъуэр зыщIэ пщащэр тегушхуащ сэбэпынагъ нэхъыбэ къыщихьыну щIыпIэм и зэфIэкI щигъэпсэгъуэну. Абы зэрыжиIэмкIэ, псом нэхъыр нэхъыщхьэр сымаджэм кIыпхуищI дзыхьырщ, апхуэдэуи Iэмал имыIэу уи зэфIэкIкIэ ужь кIыхьэм, Щыщхьэмыгъазэу пехьр и щхьэр.

Папэ яхуэхьуф, ныбжьэгъу, ди къуршхэм, Уи нэмысым ирибжьыфIэу къуэшхэр, Уи гъащIэмэ щыгъэуэв мыр хабзэу: «Бгъыхэм я напэр щызгъэтынущ къабзэу!»

Адыгэ мамлюкхэр

Иджыри къэс нэгъуэщI къэрал
сыщымыIами зэи,
Абы щхьэкIэ зыхэсщIакъым гухэщI зырн.
Ауэ си сабингъунэ балигъыгъуэ
Мамлюкхэр си пщыхьэпIэм щыслъагъурт.

Уэзрыщ!эупщ!энур сощI э:
«А мамлюк жьыхуаIэр хэт езыр, хэт зи лъыр,
Щыпсэуари хэт и хэку, хэт и щIыналъэ,
СыткIэ къалэжьа апхуэдэ фIыщIэ?»

Къыщ!окъэ пасэ дыдэм
Абы я тхыдэр.
Кавказырыц я лъабжьэм и къуэпсыр,
КъэзыгъэщIари адыгэпсэщ.

Си гъуэгур

Сыщыщышынэркъым зыми,
къэдзыхэркъым си гур -
Си натIэм къритхар сэращ зи гъуэгур.
Псын, губгъун, уафи, бгыщхьи -
Зэрыщыту къызитащ Алыхым.

Дыщыхьэщ!энукъым дэ куэдрэ щIым,
Сэри исхьинщ адрейхэм хуэдэу гъащIэр.
Сэри сыщIыхущи, фэ псоми хуэдэу,
Унафэ къыхсуэфщIу аращ щIэзмыдэр.

Сатыр къуагъым зыкъынгъэпщIкIуаэу къуэсу,
КIыIуащ!ыркъым си пэжыр си усэм.
Зыбуащ!эхуэ, ушынэу узэхахьынкIэ,
Уэрн биим уакъыщхьэщыкIкъым зыкIи.

Сэ езым къыхэсхьажащ си гъуэгурн,
СыкъытекIыну къызгъэкIыхэхькъым си гум.
Сызытет гъуэгум сыхунщэнымэ Алыхым,
Къытезнэфынщ абы щэчнщэу си щхьэр.

Бгъыхэм я напэр щрет къабзэу

Абазэ лIыжьым жиIэу зэхэсха зы хъуэхъу
си сабингъуэм
СощIэжри, кIыхьдзыхохьэкIыр гъащIэ хабзэу:
«Дытемыукlыстыхьу сытым щыгъун,
Щрет ди бгъыкъэм я напэр къабзэу».

Девгъэгупсысщыт а псалъэхэу
Ди гуауэрн гуфIэгъуэрн зыщIэлъхъэм!
Псалъэжьыр ноби лъэпкъым и лъабзэщ:
«Щрет ди бгъыкъэм я напэр къабзэу!»

УдыгъуакIуэу, щIыIуэпщIыщэу, унэжьэу,
Хьэрэмыгъэ зэрыпшхьынхэр къэбгупсысым,
Уи Iуэхущ!афэм щхьэкIэ бгъым я напэр мэсри,
Къуршым укъраху, урамыгъэсу.

Гужьгъажь бзаджэхэр ибгъэлтыым ун гум,
Унэсыфынукъым бгъым и щыгум.
Фыы къыпхуэзыщIэм Iей нупэсым,
Укъалтыгэнукъым бгъырысу.

ПщIыкIэ къурш щIынальэм ухуэпсальэм,
Пхуэфащэкъым пщIэтыну бгъырысытыр,
Тыбохри абы щыгъуэм бгъым и напэр,
Бгъырысхэм псомн укъащIнщ Iупмэм.

Игъэунэзауэ ун щхьэр фадэм,
Къэлтъыхъуэмэ уэзэзуэн -
Хыбоутэжри и щIыкъыр ун адэм,
Узыхуэзэу хъуар къыпщIэнэкIэнщ.

Ун нэм къытелъадауэ лъыр,
Ун IитIри лъы къуалэм хэлъмэ,
Бгъырысми бгъыми ураIумпэмщ,
НэхъыфIти укъамылъхуххамэ.

Бгъым и хабзэхэр умыгъэзащIэм,
Ун нэхъыкъэм пщIэ яхуумыщIым,
Гъуэ зыми ущщыну имыдзу,
Уэхеlуэдэжьынущ гъэдэ-щIыдэм.

Бгъырысым фIэфщ хьэщIи ныбжьэгъун,
Ахэр унэм кIыхьэм и гуфIэгъэщ.
Хьэщ!эу къыпхуэкIуамэ ун бий дыдэр,
Кьыдрихьейуэ гужьгъажьым хуумыдэ.

ХьэщIэм и щIыхьыр бгъырысым и напэщ,
Псэм нэхърэ напэр игъэнэхъапэу,
Бгъым и напэр къабзэу щытын папщIэ,
И щхьэр лъэгущIыхь хуищIынущ хьэщIэм.

КьылъэщI эзэрыхьмэ шынагъуэ,
ЛIыгъэ хьэху бгъырысым кьымылтыхьуэ.
КьнгъэнкIэну и ужь кIыхьэм,
Щыщхьэмыгъазэу пехьр и щхьэр.

Папэ яхуэхьуф, ныбжьэгъу, ди къуршхэм,
Уи нэмысым ирибжьыфIэу къуэшхэр,
Уи гъащIэмэ щыгъэуэв мыр хабзэу:
«Бгъыхэм я напэр щызгъэтынущ къабзэу!»

Адыгэ мамлюкхэр

Иджыри къэс нэгъуэщI къэрал
сыщымыIами зэи,
Абы щхьэкIэ зыхэсщIакъым гухэщI зырн.
Ауэ си сабингъун балигъыгъуэ
Мамлюкхэр си пщыхьэпIэм щыслъагъурт.

Уэзрыщ!эупщ!энур сощI э:
«А мамлюк жьыхуаIэр хэт езыр, хэт зи лъыр,
Щыпсэуари хэт и хэку, хэт и щIыналъэ,
СыткIэ къалэжьа апхуэдэ фIыщIэ?»

Къыщ!окъэ пасэ дыдэм
Абы я тхыдэр.
Кавказырыц я лъабжьэм и къуэпсыр,
КъэзыгъэщIари адыгэпсэщ.

Уэгъуз Мухьэмэд и усэхэр

Псы Iэджи щежэхащ алъандэм щIылъэм, Гумызагъэ шэрджэсым и лъэр Нихусу африкан къэралыгъуэм, ЛIэщIыгъуэплIкIэ щIыгъам тепщэгъуэр.

Яубыдри Мысырыр ди адэжьхэм,
Куэдрэ яIыгъащ, щахьъумэу биим.
Иджы ягу къагъэкIыжкри хъыбарыжьхэр,
Хуаlуатэ зыплъыхьакIуэ яхуэкIуам.

СыкъыдэкIыжырт Канр абрагъуэм,
Сфинкс, пирамидэхэр зегъэщIагъуэу.
И къэащхьэхэр кIыхъэныпхэм лъэужь тхыдэм
Яхъумэну ищIат унафэ Исидэ.

Зэманым псорн хуегъэкIуэжыр пшахъуэм,
Къамыгъэнэфу Iэджэм лъэужь щIагъуэ.
ХъыбарыфIу микрофоным къегъэIусыр
Канр си къуэш абазэр зэрыдэсыр.

Адыгэщ ар, мамлюкхэм я лIэужьу,
Абы я щIыхьн, я пщIн кIнхьэсауэ нобэм,
КьыхъэтъытыкIыжу феникс мафIэ яжьэм
Кьысфlэщlащ кIнрвэжауэ уафэ джабзм!

Уэращ сызыхуэусэр

Сщыгъупщэжауэ ешыр, щхьэхыр,
Усэ хузотх Адыгэ лъахэм,
А усэм хэтыщ си лъагъуныгъэр,
Лъэпкъэгъуэм ядэсlъагъур лIыгъэу.

ЕгъэгуфIэ псэр уи тафэм,
Тоджьылыкlыр нэр уи уафэм,
КъатрищIауэ тхъурымбэ,
Псыхэр къыщэроХьэхэр джабэм.

Дахагъэм си псэр игъэнэхуу,
Сыдэущ Мейкъуаепэ и уэрам щэхум.
Адыгэ пагэу ябж си къуэшхэм
Я уэрэдщ си усэхэм къращыр.

ГъэфIэбзэ щэхукIэ еIущащэу,
Йопсалъэ усэр адыгэ пщащэм.
ЯIуплъэхуанкIэ и гур хэхъуэу,
Абыхэм усэр яхуохъуахъуэ.

Адыгэхэм я хэку, я лъахэ,
Уэращ си щIыхьыр, си нэмысыр.
Щыгъупщэжауэ еши щхъхи,
Уэращ си усэр зыхуэусэр.

Нэхущ даущ

Пщэдджыжь къэсыху щхьэгъубжэм сыкъыдэплъым,
СыIуоплъэ си псэр зыгъэгуфIэ пшэплъым.
КъэгъэщIакIуэр щысхьыжакъым пIъыдхэм,
КьыщысхунгъэпIыпым щыгъуэ тафэр.

Сыщедаlуэкlэ нэхущым и даущым,
Тхьэгурымагъуэу ар къызоIущащэ.
Налшык и унэ нэхь лъагэ дыдэм
Сытету сыныдопlъыр фи къыр задэм.

Фи дахагъ псомн сащеплъыфыну,
Куэдрэ къэслъыхуащ сэ унэ,
Яхуэзмыгъуэту хьилэшыхэм бгъэдыхьэпIэ,
Си гум ирихь псорн ягъэтпанIэрт.

Хьилэшыхэ, ахъшэ сIэщIэфхахэр,
Фхурнкъуакъым, мис, къыфIэщIоухэ.
Си жыпыр нэщIу щхьэгъубжэмкIэ сыдэплъым,
Берычэту сыIуоплъэ пшэкIэплъым.

Псыжь

Псыжь Iуфэ сыIутщ, бгы аузым
Псыр къыззэрыджьм нэр топлъызэ.
Тхъурымбэхэр псы щхьэфэм щыуфафэу,
Ар хуопIащIэр Iэхунтъхэунт тафэм.

Къыр дзакIэхэм пищIа Iумылым,
Хьыдджэбз нэпсу, ун нэр ягъэджыльыр.
Жэху пэтми нэхъ загъэкънину,
Губжьауэ зэрохьэх толъкъунхэр.

Гъуэгум къынэщIэувэу хъуар
Зыдрехьажьэ псыхьэлъатхэуу.
Къыпфlэщlу тIэкIуи ящIэнакIэу,
Мывэ Iуфэхэр Iуелъэщ!ыкIыр.

Ауз зэвым къызэрыIэщIэкIыу,
Псыжь зеуцэхуэжьыр хэпщIыкIыу,
Мэхъужрн зэуэ нэмысифIэ,
Хуэму ёожэхыр щыхь щIыкIафIэу.

IыцIыхьункIэ ауз зэвым,
Кьыкlэрыхьункlи тIэкIу гузавэу,
Щlодэlу кlэнпшэу къыздэжьам
Iуэзэв тенджызым и пшахьэу ныджэр.

Тенджыз щхьэхунтым хуоIэри и гур,
Зымн Iущ!эфынукъым и гъуэгур,
Пхуегъэхъужьжыныкъым Псыжь и жапIэр,
Аращ хуэзыщэри и хъуэпсапIэм.

Ди газетым и къыкIэлтыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур щэкIуэгъуэм и 16-рщ.

Гупсысэ щIэщыгъуэхэр къаIуатэ

Уэгъуз Мухьэмэд и IэщIагъэкIэ юристщ. А лэжьыгъэм пыщIахэм фIыуэ яцIыху Уэгъузыр. Мухьэмэд юстицэм и къэрал чэнджэщакIуэ 2-нэ класс зиIэщ (ар генерал-лейтенантым похьу), КъБР-м и Суд департаментым и Iуэхущ!апIэм и унафэщIщ, юридическэ щIэныгъэхэм я кандидатщ.

Урысейм жаIуэ щIэныгъэхэмкIэ и Академием и член-корреспондент Уэгъузым и лэжьыгъэфIым пэкIуэу иратащ «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и 2-нэ нагъыщIэр.

Мухьэмэд усэ тхыныр и IэщIагъэ етIуанэу езым еIыытэж. И тхыгъэхэмкIэ ар къыщацIыху ди республикэм. Къэрэшей-Шэрджэсми, нэгъуэщI щIыпIэхэми. Уэгъузыр Урысейм и ТхакIуэхэмкIэ я зэгухьэныгъэм хэтщ. Иджы дыдэ, и ныбжьыр илъэс 60 щрикъум ирихьэлIэу, и усэ тхылъыщIэ къыдэкIащ. Абы КъШР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Бэчыжь Лейла хуитха псалъэпэм къыщыгъэлъэгъуащ Мухьэмэд и усэхэр купщIафIэу, гупсысэ щIэщыгъуэхэр къаIуатэу зэрыщытыр.

Уэгъузым зэрыжиIэмкIэ, ар усэным и щэхухэм щыхуеджащ усакIуэшхуэ Гамзатов Расул деж. Ар дагьыстэн усакIуэшхуэм мыз-мытIэу хуэзащ, и усэхэм ящыщ зыбжани абы хуитхащ.

УЭРЭЗЕЙ Афлик, *усакIуэ.*

ДИ ГАЗЕТЫМ И ЩIЫБЫР

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Жылаеэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), ЖъэкIымыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэнэмыщI Изэ.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5, ебгъуанэ-ещIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ!апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ писымохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ!апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кIыщыхьа бжыгъэхэм, кIыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуэ зэныту щытекIым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ!апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэмыхэщ: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Батгъэтыр Луизэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(1, 4-нэ нап.)*, Мырзэкъан Фатимэ *(2, 3-нэ нап.)*, *Компьютерыр газетым и тепльэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианн э, *сурэтхэм елэмыжар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьазыращ.

Газетым Iэ траддзи хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.757 ● Заказ №2868